ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№3 (22.911) • 2015 гъэм щІышылэм (январым) и 15, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр Электрокъарукіэ къызэгъэпэщыныр шынагъуэншэу зэтегъэувэнымкіэ штабым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм щІышылэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №14-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІынигъэхэр хэлъхьэныи теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр Электрокъарукіэ къызэгъэпэщыныр шынагъуэншэу зэтегъэувэнымкіэ штабым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр Электрокъарукіэ къызэгъэпэщыныр шынагъуэншэу зэтегъэувэнымкіэ штабым хэтхэр къащтэным теухуауэ» 2012 гъэм щІышылэм и 30-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №14-УГ-мкІэ къыщтам, мы къыкІэлъыкІуэр зэхъуэкІынигъэхэр хэлъхьэн:

а) Штабым хэгъахьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Алъуд Ю. Къ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и ягъэ къуэдзэр *(Штабым и унафэщІщ)*

Михайлов Д. А. - «Газпром. Налшык къалэ газ тегуэшапІэ» акционер зэгухьэныгъэ зэІуэам и инженер нэхъыщхьэр *(зэгурыІуаэ);*

б) Кучменов ТІ. М. и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъынымкіэ и къэрал комитетым и унафэщІыр *(Штабым и унафэщІым и къуэдзэщ)*;

в) Камарзаев Э. А. и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъынымкіэ и къэрал комитетым и къудамэм и унафэщІыр *(Штабым и секретащІ)»;*

г) Надежин М. В. и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын: «Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм и Іуэхухэмкіэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкіэ, къэхъуа гуэвэзгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжынымкіэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаэ)»;*

д) Штабым къыхэгъэкІыжын Зекіуэрей З. Хь., КІуэкІуэ М. Хь., Ладан К.Н., Уянаев К. Хь-М. сымэ.

2. Мы Указым хэгу егуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м
№264-УГ

2015 - 2018 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнымкІэ щыналъэхэм коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэу щІыхуэм щатхэм зэрызахъуэжьымкІэ индексу зыщхьэпрыкІ мыхъунухэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Урысей Федерацэм ПсэупІэмкіэ и кодексым и 157.1-нэ статьям, «Коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэу щІыхуэм Урысей Федерацэм щатхэм зэрызахъуэжьымкІэ индексхэр зэхэлъхьэныи теухуауэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2014 гъэм мэлыжьхыьм и 30-м къыдигъэкІа унафэ №400-м ятІкІэ **унафэ щІ**:

1. 2015 - 2018 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэу щІыхуэм щатхэм зэрызахъуэжьымкІэ индексу зыщхьэпрыкІ мыхъунухэр къэщтэн.

2. Къару имыІэжу къэлъытэн «2014 - 2018 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэу щІыхуэм щатхэм зэрызахъуэжьымкІэ индексу зыщхьэпрыкІ мыхъунухэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 19-м къыдигъэкІа Указ №233-УГ-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м
№265-УГ

2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щІ**:

1. «2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи щІыхуэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2014 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№131-П-П

Туризмэмрэ шынагъуэншагъэмрэ Дагъыстэным щытопсэлъыхь

● КИФЩІ

Меликов Сергей и псалъэ.

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ Меликов Сергей и унафэм щІэту Дагъыстэн Республикэм щІышылэм и 12-м щекІуэкІыгъэ КИФЩІ-м хыхьэ субъектхэм я унафэщІхэм я зэпэщІэ.

АР КЪЫЩЫЗЭІУИХЫМ Меликов Сергей къыхигъэщащ КИФЩІ-м щыІэ гугъуехьхэм, дуней псом иужьу къыщыхъуа Іуэхугъуэхэм къариКІуахэри яхэту, тепсэлъыхьыныкІэ мы зэхуэсым мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

«Іуэхугъуэ кэуджэр, щІыналъэкІэ даззрыпэжыжьэм щхьэкІэ къэмынэу, Кавказ Ищхъэрэми екъэлІащ. Ахэр мусЛъымэн кэуд дыдэ щыпсэу округым и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэхэу ислъамым, диным зэрыхущытыкІ, зэнэкъуэкъуныгъэ къагъэхуэну зэрыхуящІэкъуфІ. Дэ пщІэ хуэтщІын хуейщ Урысейм и дэтхэнэ щІыхуми псэлъэкъкІэ, динкІэ я гурыщІэхэм», - къыхигъэщащ полномочнэ лІыкІуэм.

Къыщынэмыщіауэ, щІыналъэм туризмэм ехьэлІа Іуэхугъуэхэм зыщегъэужьыным Меликов Сергей субъектхэм я Іэтащхьэхэм гуЛъаригъэтащ. Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ, нобэкІэ зэфІэувэ экономикэ щытыкІэ мытыншыр къэплъытэмэ. Хамэ кэрал курортхэм зыщыбгъэпсэхунырэ лъапІэ зэрыхъуам къыхэкІыу Урысейм щыпсэухэм иджы къэралкІуэдзі туризмэр нэхъ къыхах хъуащ.

«Ди щІыхуэмрэ Кавказ Ищхъэрэм и хьэщІэхэмрэ я шынагъуэншагъэр дызэгъкъуэу къызэдгъэпэщын фІэкІа нобэ хэкІыпІэ диІэкъым», - жиІащ Президентым и лЫкІуэм.

Меликовым къызэрыхигъэщамкІэ, я зэдалэжьэныгъэр щІэгъэхуэбжьэныр округым и субъектхэм я зэфІэкІхэр хуэзыщІагъэуІэн хуейщ, сыту жыпІэмэ иджыпсту щІыналъэ псоми ягъэзащІэр къэралым и Президентым яхуигъэуІэн зы къэлэнщ, - зэпэлъытауэ икІи фейдэ къыпыкІыу Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыныр.

Къапщтэмэ, псоми къызэдащтащ Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ Иныр къызэрыщытхъэ илъэс 70 щрикъум теухуа Іуэхугъуэхэр КИФЩІ-м и субъект псоми зэгъусэу ирагъэкІуэкІыну къыхэлъха жэрдэмыр.

КъызэрыхагъэщамкІэ, Іэтащхьэхэм я мыпхуэдэ зэІущІэхэм округым зэрыщыту зегъэужьыным ехьэлІа официальнэ зэхыхьэхэм къыпащэ.

«Мыр Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыныкІэ япэ игъащІыпхъэхэмкІэ я Іэзэгъыкірэ гупсысэмкІэ щыхэдгъуэшІащ. Мыхьэнэшхуэ, иІэщ зэкъуэту лажьэ щІыналъэшхуэм и субъектхэм я Іэтащхьэхэр зэхуэзэуРэ зэрызэпсалъэм. А зэкъуэтыныгъэм псом хуэмыдэу я фІыгъэ хэлъщ нэхъыбэрэ икІи фэрыщІагъ хэмыльу зэхуэзэн хуейуэ Путин Владимир и пщэрыльхэр псынщІэу икІи фІагъ къыпэкІуэу зыгъэзащІэ унафэщІыкІэм», - и Іуэху епЛъыкІэр утыку къырилъхьащ Президентым и лЫкІуэм.

Меликов Сергей жиІащ мыпхуэдэ зэІущІэхэр щІэх-щІэхьыурэ къызэрызэрагъэпэщынур икІи полномочнэ лІыкІуэм и деж, КИФЩІ-м зэрызиужьынум теухуауэ Правительствэ комиссэм и зэІущІэхэм, къэрал властым и нэгъуэщІ Іэнатіэхэм щрагъэкІуэкІыну Іуэхугъуэхэр абыхэм зэрыщыдгъэзыхунур.

Лэжьыгъэ Іуэхукіэ Дагъыстэным зэрыкІуам хыхьэу Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ Меликов Сергейрэ КИФЩІ-м и субъектхэм я унафэщІхэмрэ Дагъыстэным и Іэтащхьэ Абулатипов Рэмзэан я гъусэу Мэхъэчкъалэ и щэнхабээ щІыпІэ зыбжанэ къызэхакІухьащ.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэм и аппарат.

Эщ гъэхъуным йогугъу

Друан щІыналъэм щызэхэт мэкъумэш предприятэхэм я зэфІэкІ псори ирахьэлІэ Іэщыр гъэбегъуэным.

Иджыпсту АПК-м и ІэнатІэхэм ІэщІэвыщІэу мин 17,5-м щІигъу яІэщ. Мы илъэсым и мазибгъу блэкІам кьриубыдэу абы щагъэхьэзыращ лыуэ тонн мини 9-м нэсрэ гъэшу тонн мин 21-рэ. Продукцэу къыщІагъэкІар, къащтэмэ илъэс блэкІам зэгъэхьэзырам къызэрыщхьэщыкІ щыІэкъым.

ЩІыналъэм Іэщ гъэхъуным зыщиужьынымкІэ сэбэпышхуэ щІыхуэхэм къахуохъу къэралым къарит кредитхэр. 2014 гъэм Іэщ гъэхъуныныкІэ езыхэм я уней хозяйствэ къызэзыгъэпэщыжахэм Урысейм и мэкъумэш банкым сом мелуани 10-м щІигъу яритащ. Апхуэдэ Іуэхутхьэбзэхэр къалъысащ къуажэдэс 47-м.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Дыгъэгъазэм и 31-р Налшык щыпсэухэми абы и хьэщІэхэми я ІутІыж махуэт, дэтхэнэри гукъыдэж иІэу пэплъэрт ИльясыщІэр къызэрыригъэблагъэнум. Сурэтым щыволъагъу Абхъазым и утым щекІуэкІа пшыхь дахэм хэта артистхэр. Уэрэд жызыІэр балъкъэр уэрэджы1акІуэ Хуламханов Къайсынщ, абы и щІыбагъ къыдэтщ щІыхуэхэр зыгъэджэгуа, зыгъэгушхуа, мыщІу, бажэу, благъуэу, нэгъуэщІ псэущхьэхэу зызыхуэпа ныбжьыщІхэхэр. Газетым и етІуанэ напэкІуэцІым фыщеплъ зэхьихьэм хэтахэр зи бэрэбанэ еуэкІэкІэ къызэщІэзыгъэплъа щІалэгъуалэм я сурэтым.

Наполитанэ токІ

Италием и президент Наполитанэ Джорджо и къулыкъым зэрытекІам теухуа хьыбар зэбригъэхащ. Абы и кьалэнхэр пІалъэкІэ игъэзащІэнущ лъэпкъ парламентым и сенатым и унафэщІ Грассо Пьетрэ.

Иджыри илъэсыбликІэ президентыму ар 2013 гъэм хахьжауэ щытами (а къулыкъум пІалъитІкІэ тетыну зыхуагъэфэща Италием и политикхэм кьаехкІатэкъым), Наполитанэ ар и кІэм хунэгъэсакъым. Ар илъэс 90-м нэблэгъащ икІи, и кьалэнхэм нэсу зэрыпэмыльэщыжыр кьыгурыІуэрти, апхуэдэ унафэ къыщтащ. Уеблэмэ, президенту щыхахьжа дыдэми абы щІыхуэхэм ягурыгъэІуат и пІалъэр къэмысу и кьулыкъым зэрытекІынур.

ЩытекІам и щхьэусыгуэхэм щытепсэлъыхьым, абы щыхигъэщащ XVI пІащІыгъуэм ящІа Квириналькэ уардэунэм щІэкІыжу и унэ зэригъэзэжынум хуабжу зэрыщыгуфІыкІыр «Президентым и хэщІапІэм ущыпсэуну фІы дыдэщ, ихъуреягькІэ дахагъэщ щытепщэр, ауэ абы адэкІэ къыщекІуэкІэхэм пэІэщІэ уохъу. Уеблэмэ, зы лъэныкъуэкІэ, ар тутнакъэщым ебгъэщхъ хъунущ», - жиІащ Наполитанэ.

Къэралым и президентыщІэр мы маазм и кІэм нэхъ мыгувэу хахынущ. А къулыкъум щІэбэныну хуагъэфащэ Рим и Іэтащхьэу щыта Вельтрони Вальтер, Турин къалэм и мэр Фассинэ Пьеро, конституцэ судым и хеящІэ Маттареллэ Серджо, нэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ министр Джентилони Паолрэ сенатор Финоккьярэ Аннэрэ.

КъэбгъэгугъэкІэ зэфІэкІыркъым

США-м и Хьюстон къалэм унэлъащІэ щащэу дэт тыкуэнхэм ящыщ зым и унафэщІым и сатур зэрыпкигъэкІын Іэмалу къигупсысар гъэщІэгъуэнщ.

Доллар минибл нэхърэ мынэхъ мащІэ и уасэ унэлъащІэ абы и дежи щызыщэхуэхэр хьэрычтыщІэм къигъэгугъащ а ахъшэр яритыжыну. Ауэ абы щхьэкІэ щІыдагъэ баррелым доллар 85-рэ нэхърэ мынэхъ мащІэ и уасэ хъун хуейщ. ЦІыхуэхэр къыдихьэхьн мурадкІэ Макингвейл Джим (аращ тыкуэныр зейм и цІэ-унэцІэр) зэбгриГэха а хьыбарегъащІэм теухуауэ ІэщІагъэлІхэм жаІэраци, щІыдагъэр апхуэдизу и уасэ хьуным ущІыщІыгуГэни щыІэкъым. Аращи, цІыхуэхэр къызэриГэгуГэр яхуищІэфынукъым. Абы езыри щымыГуаззу щыт хъункъым.

Нэхъапэми мызэ-мытІэу апхуэдэ Іуэхуэхэр къыхилъхьат Макингвейл, ауэ езыр хилъэфащ. Псори зэхэту доллар мелуан 12 «микъуэн» хуей хуэщ абы апхуэдэ рекламэ Іуэхуэхэм.



♦1897 гъэм Урысейм дыщэ ахъшэм щызэкІуэу щІидзащ. Сомыр дуней псом валютэ нэхъ лъэщ дыдэ щыхъуат.

♦Адыгей усакІуэ, композитор, Іуэрыїуатэдж **Кубэ Шэбан** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.

♦Къэрал, политикэ лэжьакІуэ **Ахъуэхъу Аслъэнбий** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦ПшынаУэ Іэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и зэІущІэ, и артисткэ **Быммамыт Гуащэкъарэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъШР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, тхакІуэ, Іуэрыїуатэдж, жыларгуэ лэжьакІуэ **Шэрджэс Алий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щІыІэр градуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Мыдэф и Іуданэ кІыхьщ.

● Абы дегъэпІейтей

Псоми ди зэхуэдэщ

Ди бзэр, адыгэбзэкІэ къыщэкІ газет закъуэр егъэфІэкІуэным, хъумэным ехьэлІауэ куэд жаІэ. Ауэ, хуабжьу ди жагъуэ зэрыхъущи, абы кърикІуэр мащІэщ. Абы щыхьэт тохъуэ ди анэдэлъхубзэкІэ къыдэкІ газет закъуэм Іэ тезыдзэхэм я бжыгъэр. Зы илъэсым нэхърэ адрейм газетым Іэ тезыдзэхэр нэхъ мащІэ щІэхъур сыту пІэрэ? Фы и лъэныкъуэкІэ дуней псом къыщащІыхуа ди лъэпкъ уардэм къащІэхъуэм анэдэлъхубзэ яІурылъу къэгъэхъуным сыту пІэрэ зыщІыпІыуадзыр? Абы сегъэпІейтей, уеблэмэ сегъэукІытэ...

ДАУЭ уримыкІытэнрэ я бзэм иримыпсэлъафу, иримытхэфу, иремыджэфу щІэблэр къыщыхъукІэ.

Сэ быдзу си фІэщ мэхъу газетым и редактор нэхъыщхьэ, адыгэпсэ нэс ХьэфІыцІэ Мухьэмэдрэ и лэжьакІуэ гуащІафІэхэмрэ газетым и теплъэр, и фІагьыр иджырей мардэм и кІэтІасэу щІыным я зэфІэкІ зэрыраХьэлІэр. Ар газетыр зи Іэпэгъуэм дольагъу, дрогуфІэ, дрогушхэ.

Илъэс 80 сохъури, нобэр къыздэсым лъэпкъ газетыр си Іэпэгъущ, си ныбжьэгъущ, си уэршэрэгъущ, уеблэмэ си егъэджакІуэщ, ущиякІуэщ. Илъэс 40 зэгъусэу къэкІуащ.

Газетыр кьысІэрымыкьэмэ, зыгуэр сыхуэныкъуэ хуэдэу сыщытщ. Дэ, нэхъыжьхэм, аращ къэралым, республикэм къыщыхьуэщыщІэхэр къыщытщІэр, хьыбарыщІэхэр къытлъэзыгъэІэсыр. «Адыгэ псалъэм» хабзэм, нэмысым, зэныбжьэгъугъэм, цІыхугъэм, щэнхабзэм теухуауэ къытехуэ тхыгъэхэм я гугъу сыщІыхэркъым. Газетым къытехуэ тхыгъэ купщІафІэхэм сыдихьэхьу соджэ, диным, щІыуэпсым, спортым, щэнхабзэм, я Гуазджэм теухуа тхыгъэхэр зыпэсщІ щыІэкъым, апхуэдизу псалъэзэблэдзэкъэр, адыгэ псалъэжьхэр, жыларгуэхэр. Адыгэу дунейм щикъуэкъар зэщІэгъэІуэжьныем, ахэр я адажь лъэхэ къэщэжьыным, хабзэм, нэмысым теухуауэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, Ширдий Маринэ, Жыласэ Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хъармокъуэ Хьэмид сымэ ятхэхэм мыхьэнэшхуэ яІащ. «ЩІыуэпсым и макъ», «ЩІалэгъуэ», «Си еджапІэ - си кьежьапІэ», «МалъхъэдІс», «Махуэку- напкІуэцІкэм ди еджакІуэ цІыкІуэхэм къащхьэпэн куэд кьызэрыхахынум шэч кьытесхьэртэкъым.

Газетыр адыгэ унагъуэхэм щІытрамыздзэж щхьэусыгуэмкІэ нэхъыжьхэмрэ нэхъыщІэхэм яІурылъ. Ди къэр, адыгэбзэкІэ къыщэкІ газет закъуэр егъэфІэкІуэным, хъумэным ехьэлІауэ куэд жаІэ. Ауэ, хуабжьу ди жагъуэ зэрыхъущи, абы кърикІуэр мащІэщ. Абы щыхьэт тохъуэ ди анэдэлъхубзэкІэ къыдэкІ газет закъуэм Іэ тезыдзэхэм я бжыгъэр. Зы илъэсым нэхърэ адрейм газетым Іэ тезыдзэхэр нэхъ мащІэ щІэхъур сыту пІэрэ? Фы и лъэныкъуэкІэ дуней псом къыщащІыхуа ди лъэпкъ уардэм къащІэхъуэм анэдэлъхубзэ яІурылъу къэгъэхъуным сыту пІэрэ зыщІыпІыуадзыр? Абы сегъэпІейтей, уеблэмэ сегъэукІытэ...

Ди къулыкъущІэхэм, депутатхэм, хьэрычэтыщІэхэм куэду яхэтщ утыкум къиувэрэ зэрыадыгэр ди фІэщ ящІыну хэту, ауэ лъэпкъ газетыр я унагъуэ емыкІуалІэу. Псом япэ анэдэлъхубзэ пщэ къыдохуэ адыгэбзэм зэрыхущытымкІэ, ар зэращІэмкІэ щапхъэ я гугъэ-гъэуну.

Мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэу къызэпытэ газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ тезыдзам и зэманым тэмэму Іэрыхьэныр. Абы щІыху куэд егъэтхъэусыхэ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, газетыр цІыхум и зэманым Іэрагъэхьэркъым е къыдэкІыгъуэ гуэркъэ хуэхъ. Номер гуэр къэтщ жыпІэу пощтэехьэм зыхуэбгъазэмэ, «зы номер уемыджэмэ, укъащІэжьи уи гугъэ», жаІэри абыкІэ зыщхьэщагъэкІ. Апхуэдэу хъунукъым.

Нобэ хэсІэта псалъэмакъыр зыфІэмыфІыни щыІэнущ, сыщогугъ нэхъыбэм къыздаІыгъыну, илъэсыщІэм адыгэ унагъуэ къэс «Адыгэ псалъэр» къыщыпсалъэу къызэгъэпэщыным я гуащІэдэкІ, мыльку жэрдэм дэтхэнэми хилъхьэну. Ар псоми ди зэхуэдэ Іуэхущ.

НЭГУМЭ Хьэсен,
лэжьыгъэм и ветеран.
Дзэлыкъуэ къуажэ

Ветеранхэр ягъэлъапІэ

Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я къалэ Советымрэ Налшык къалэ администрацэмрэ ирагъэкІуэкІащ Хэку зауэшхуэр зи фэ дэкІаэм я зэІущІэ. Абыхэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ икІи зауэ гъэзэуаныр хьэлъэр къэзыхьэлІэу ТекІуэныгъэр Хэкум къыкъуэзыхьа ди нэхъыжьхэм хуэхъу псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм и къалэ Советым и унафэщІ Абдулаев Мустэфа.

НАЛШЫК и поликлиникэ №1-м и дохутыр нэхъыщхьэ Къаскъуал Аулият зэІущІэм къарагъэблагъахэм яхуэгъэзауэ жиІащ ветеранхэм дэтхэнэми я узыншагъэм кІэлъыплъыну сыт щыгъуи поликлиникэм и Іэжьакъуэхэр зэрыхьэзырыр. Абы къыдэкІуэу Ахъмэт ФатІимэ, Кабатовэ Аннэ, Азиевэ Зинаидэ, Созаев Хьэдис, Асташовэ Любэ, Будаевэ Зое, ЖьэкІэмыхьу Борис сымэ тыгъэхэр яритащ.

ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ институтым и студентхэм ветеранхэм папщІэ концерт ятащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ди къуэш республикэхэм

«Анэхэр гъын хуейкъым»

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Акъ Мухьэрбэч и цІэр зезыхьэ Шэрджэс драмэ театрым Хэку зауэшхуэр ТекІуэныгъэкІэ зэриухрэ илъэс 70 зэрырикъум зыхьыуегъэхьэзыр. Иджыпсту артистхэр йолэжь Абдокъуэ Маталио «Анэхэр гъын хуейкъым» и пьесэм.**

ДРАМТЕАТРЫМ и унафэщІ КІэдыкІуей Артур зэрыжиІамкІэ, пьесэм къеІуатэ зи къуэхэр зауэм дэкІа, зым и къуэр лІыхъужь, адрейм и ейр Хэкум и епЦІыжакІуэу къыщІэкІа анитІым я гъащІэр зэхэухуэна зэрыхъуар. Театрым дихьэхэр абы еплъыну Іэмал яГуэтыныщ гъатхэпэ маазэм и пэщІэдзэм.

Гупым ярегъэщІыху

АБХЪАЗ. **Республикэм и Президент Хаджимбэ Раул Абхъазым и Пэлъэкъ банкым и лэжьакІуэхэм яригъэщІыхуащ Іуэхущіапіэм и унафэщІыщІэр - Парламентым и унафэкІэ а къулыкъур дзыхь хуащІащ илъэс 37-рэ зи ныбжь Барателия Бесльэн.**

АБХЪАЗЫМ и Президентым щІэуэ яГуэува унафэщІыр гупым щагирэщІыхум, ахэр къыхуриджащ республикэм, абы щекІуэкІ финанс Іуэхуэхэр адэкІи къалъытэу Лъэпкъ банкым и лэжьыгъэр нэхъри ирагъэфІэкІуэну.

Фигу къэдгъэкІыжыщи, ипэкІэ Лъэпкъ банкым и унафэщІу щыта Аргун Илларион илъэс кІуам и щыщхьэуІу маазэм автомобиль зэжьэхэуэм хэкІуэдащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ щІыхуэхэр зэдгъэсэжьэ къуэ телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

● Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ ІэнатІэм и щыналъэ Іуэхущ1апІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм къет

2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иІа социально-экономикэ щытыкІэр

	2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм	2013 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм елъытауэ 2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм процентк1э	2012 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм елъытауэ 2013 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм процентк1э
Промышленностым и лэжьыгъэр			
Мэкъумэш хозяйствэм и продукцэр, *сом мелуан*	-	110,3	88,6
Автомобиль транспорткІэ хьэлъэ ягъэІэпхъуар, *тонн-километ мелуан*	22925,2	100,3	102,0
Связым и Іэхутхъэбзэхэр, *сом мелуан*	34,9	90,8	99,6
Розницэ сатур, *сом мелуан*	3280,9	94,1	128,8
Щ1ыхьэм щ1ыкІэ Іэхутхъэбзэу хуащІар, *сом мелуан*	68043,9	104,0	103,3
«Ухуэныгъэ» лэжьыгъэ лІэужьыгъуэкІэ зэфІагъэкІар, *сом мелуан*	17686,3	105,2	107,1
ПсэупІэ унэу хьэзыр ящІар, *метр зэфІуэзэнатІэ мин*	4440,7	128,5	104,6
Щ1эуакІуэ уасэхэр зэрыхьуар, *процент*	197,9	109,1	101,5
Промышленностым и товархэр ящІыщІэзыгъэкІхэм ягъэува уасэхэр, *процент*		106,5	108,5
Ику иту зы цІыхум иІа хэхъуэр, *сом*		101,3	108,1
ИпэжыпІэкІэ къыщІэкІым тещІыхьауэ ахъшэ хэхъуэр	-	104,8[2)]	102,5
Ику иту зы лэжьакІуэм хуатха мазэ лэжьапщІэр (хьэрычэт Іуэху мыин зезыхьэ Іэнатіэхэри хэту)	-	-	-
номинальнэу	19111,6	108,2	115,8
ипэжыпІэкІэ къыщІэкІым тещІыхьауэ	-	101,7	106,6
Лъэхъэнэм и кІэм ирихьэлІэу лэжьапІэ ямыІэу официальнэу ятхахэм я бжыгъэр, *цІыху мин*	8,0	94,8	93,0

2014 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрстатым **Статистикэмкі э и регистрым** организацэу, абыхэм я филиалу е я Іэнатіэ пыгъэщхьэхуэкІуэ 12644-рэ итащ.

Статистикэ регистрым иг организацэхэм я зэхуэдитІым щІигъур опт, розницэ сатум, автотранспортыр, мотоциклхэр, унагъэ хьэпшыпхэр, цІыхум езым и щхьэкІэ къигъэсэбэп Іэмэпсымэхэр зэзыгъэщІэж Іэнатіэм, сырьем елэжь Іэнатіэм, мэкъумэш хозяйствэм, щакІуэ Іуэхум, мэз хозяйствэм я Іэнатіэхэм, ухуэныгъэм щыІащ.

Хозяйствэ зезыхьэ субъектэ 9466-р (учетым ита псоми я процент 74,9-р) унейщ.

2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм **промышленностым и продукцэр** 2013 гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ процентэ 110,3-р мэхъу.

Промышленностым и зэфІэкІым щІыхьэхуэм и щхьэусыгъуэр сырьем елэжь Іэнатіэм хиубыдэ предприятэхэм къыщІагъэкІ продукцэр процент 12,9-кІэ нэхъыбэ зэрыхьуарщ.

Сырьем елэжь Іэнатіэхэм щыщІэу 2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм къыщІагъэкІ продукцэм нэхъ нэрылъагъуу щыхэхъуахэм ящыщІ машинэхэмрэ оборудованэхэмрэ къыщІэзыгъэкІ Іэнатіэр (процент 42,1-рэ), металлургиемрэ металлхэм къахэщІыкІа пкъыгъуэ хьэзырхэр къыщІэзыгъэкІ Іэнатіэр (хуэдэ 1,5-кІэ), сырьем елэжь адрей Іэнатіэхэр (хуэдэ 1,7-кІэ).

Къыщ1агъэкІ продукцэр нэхъыбэ хьуащ1 ерыскъыхэкІэхэр, абыхэм псы зэмылІэужьыгъуэхэмрэ тутыныр зэтУ, зыщІхэм (процент 5,7-кІэ), щэкІ зэІуэщІэхэм, щыгъын зыдэхэм (процент 13,1-кІэ), пхъэм елэжьхэм, пхъэм къыхэщІыкІа продукцэр зыгъэхьэзырхэм (процент 14-кІэ), хьэфэ, пластмассэ къэпшыпхэр къыщІэзыгъэкІхэм (процент 11,4-кІэ). Апхуэдэу нэхъыбэ хьуащ щІым ящыщІах хьугъуэфІыгъуэхэр (процент 3,8-мкІэ), электрокъарууэ, газу, псыуэ кІалэжьымрэ трагущэмрэ (процент 2,4-кІэ).

А псоми кІадэжкІэу нэрылъагъу мащІэ хуэщІ щІыдагъэхкІхэр (процент 48,6-кІэ), целлюлозэ-тхылъымпІэ продукцэр, полиграфием и продукцэр (процент 24-кІэ), транспортрэ оборудованэу ящІыр (процент 27,8-кІэ), химием и продукцэр (процент 25-кІэ).

2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм **«ухуэныгъэ» Іэнатіэм ельаІуэ** сом меларди 4-рэ мелуан 400-рэ и уасэ, е абы ипэ ита гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ процентэ 128,5-рэ иращыкІуэкІащ.

2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм процент зэхэту псэупІэу метр зэбгъуэзнатІэ мини 197,9-рэ кІэикІыу фэтэр 1462-рэ хьэзыр ящІащ. 2013 гъэм и мазибгъум елъытауэ ар процентэ 9,1-кІэ нэхъыбэщ. Фэтэрхэр 2013 гъэм и ипэ мазибгъум ику иту метр зэбгъуэзнатІэ 127-рэ хьууэ щытамэ, иджы метр зэбгъуэзнатІэ 135,4-м нэсащ. ПсэупІэу хьэзыр хуэ псоми ящыщу метр зэбгъуэзнатІэ мини 170,7-р е хьэзыр хуэа псэупІэхэм я процент 86,2-р зыщІар унеі ухуэныгъэ езыгъэкІуэкІаэхэщ. Ар гъэ кІуам и апхуэдэ зэманым елъытауэ процентэ 7,8-кІэ нэхъыбэщ.

Предприятэхэмрэ организацэхэмрэ фэтэр куэд хъу унэу 16 (фэтэр 421-рэ), псори зэхэту метр зэбгъуэзнатІэ мин 27,2-рэ ящІащ, блэкІа илъэсым и ипэ мазибгъум елъытауэ ар процент 17,6-кІэ нэхъыбэщ.

Мэкъумэш продукцэ къэзылэжь псоми (мэкъумэш организацэхэм, мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэм, хьэрычэтыщІэхэм, унагъуэхэм) 2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм **мэкъумэшхэкІыу** сом мелард 22,9-рэ и уасэ е 2013 гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ процентэ 100,3-рэ кІалэжьащ.

Республикэм и мэкъумэшыщІэхэм гъавэмрэ джэшэкІэхэмрэ къеХьэлІэжьын яхуащ. Иджыри Іуахьыж гъавапхъэ нартыхур, сэхуранбр, кІэрТІофыр, хадзэкІкІэр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм къита бжыгъэхэм ятепщІыхьмэ, 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м ирихьэлІэу гъавэу (нартыхур хэмыту) тонн мин 231,1-рэ, нартыхуу тонн мин 452,7-рэ, сэхуранр тонн мин 33,9-рэ къыщІаІукІащ, губгъуэхэм щагъэкІаэу хадзэхэкІ тонн мин 270-рэ, кІэрТІофэ тонн мин 227,9-рэ кърахьэлІэжащ.

2014 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу хозяйствэ лІэужьыгъуэ псоми былыму мин 270,1-рэ (2013 гъэм и апхуэдэ зэманым ирихьэлІэу процентэ 2,2-кІэ нэхъ мащІэ), абыхэм ящыщу жэму мини 132,1-рэ (процент 1,1-кІэ нэхъ мащІэ) яІащ. Уней лъапсэхэм былым псоми я процент 69,2-р, абыхэм ящыщу жэмхэм я процент 68,5-р, кхъуэм и процент 8,7-р, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я процент 59,1-р щыІыгъ.

Хозяйствэ лІэужьыгъуэ псоми яуклын папщІэ ягъэшха Іэщрэ джэдкъазу (зэрыпсэууэ шэчагъэ) тонн мин 64,4-рэ (2013 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм елъытауэ процентэ 104,8-рэ), гъэшу тонн мин 327,2-рэ (процентэ 101,4-рэ), джэдкІыжу мелуани 114,4-рэ (гъэ кІуам и апхуэдэ лъэхъэнэм щыІам хуэдизэ) яІалэжьащ уней лъапсэхэм лым и процент 38,4-р, гъэшым и процент 68,2-р, джэдкІым и процент 82,7-р, мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэмрэ лым и процент 28-р, гъэшым и процент 17,9-р, джэдкІым и процент 0,5-р кІалэжьащ.

Мэкъумэш организацэхэм зы жэмым хуэзэу гъэшу килограмм 3447-рэ къыщІыщІашащ, 2013 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм къыщІашауэ щыта килограмм 3329-м и пІэкІэ, зы джэдкІым ику иту джэдкІыжу 162-рэ (2013 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм - 165-рэ) къыщІахащ. Лы папщІэу ягъашхэ Іэщым суткэ къэс ику иту зэтралъхьащ былымым грамм 353-рэ (процент 12,5-кІэ нэхъыбэ), кхъуэм грамм 511-рэ (процент 59,7-кІэ нэхъыбэ), мэлхэмрэ бжэнхэмрэ грамм 12 (процент 7-кІэ нэхъ мащІэ).

2014 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм и пэщІэдзэм ирихьэлІэу Іэщыр мэкъумыларэ ІусыпхъэкІэ нэхъ тэмэму къызэрэпэщІауэ щытащ, нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытмэ. Зы Іэщым тещІыхьауэ Іусыпхъэ центнер 11,3-рэ яІащ, 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м яІа центнери 9,7-м и пІэкІэ.

2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и автомобиль транспортым **хьэлъэу** тонн мелуан 1,1-рэ **игъэІэпхъуащ**, ар 2013 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм елъытауэ процент 17,8-кІэ нэхъ мащІэщ. Хьэлъэу псори зэхэту кърашэкІар процентри 9,2-кІэ нэхъ мащІэ хуащ икІи тонн-километр мелуан 34,9-м нэсу кьехащ.

Илъэсым и ипэ мазибгъум транспорт лІэужьыгъуэ псомкІи **кърашэкІар цІыху** мелуан 36,5-рэ мэхъу икІи 2013 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм елъытауэ процентэ 2,1-кІэ нэхъыбэщ. Псоми къагъэсэбэп автомобиль транспортым и зэфІэкІыр процент 26,7-кІэ хэхъуащ икІи пассажир-километр мелуан 432,1-м нэсащ.

КъБР-м и МВД-м и ГУИБДД-м къызэритамкІэ, автомобиль гъуэгухэм, жылагъуэхэм я зэрамкэм автотранспортым пыщІа щІэщхьэу 2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм 528-рэ къыщІахуащ, абыхэм цІыху 822-м фэбжьыр щагъэтащ. 2013 гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ гъуэгухэм къыщІахуащ щІэщхьэр процентри 10,1-кІэ, фэбжь щызыгъэтхэр процентри 3,2-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ.

2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм республикэм и щэхуакІуэ рынокым щащІа **розницэ сатур** 2013 гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ процентэ 4-кІэ нэхъыбэщ икІи псори зэхэту сом мелард 68-рэ и уасэщ.

ЕрыскъыхэкІыу, фадэрэ псыуэ, тутыну цІыхухэм иращащ сом мелард 32,1-рэ и уасэ (нэгъабэ елъытауэ процентэ 105,4-рэ), ерыскъыпхъэхэм щымыщ товару сом мелард 35,9-рэ и уасэ (процентэ 102,8-рэ). Зы цІыхум тещІыхьауэ розницэ сатур 2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм ику иту мазэ къэс сом 8805-рэ мэхъу (2013 гъэм и мазибгъуэ - сом 7922-рэ).

ПщІэ зыщІат Іуэхутхъэбзэу республикэм и цІыхухэм 2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм сом мелард 17,7-рэ и уасэ хуащІащ, 2013 гъэм и мазибгъум елъытауэ ар процентэ 5,2-кІэ нэхъыбэщ.

ПщІэкІэ цІыхухэм хуащІа Іуэхутхъэбзэхэм ящыщу связым и Іэхутхъэбзэхэр процент 23,2-рэ, коммунальнэ Іуэхутхъэбзэхэр процент 28,3-рэ хъуэу щытащ. Зы цІыхум хуэзэу ику иту сом мин 20,6-рэ и уасэ Іэхутхъэбзэ хуащІащ, абы щыщу сом мини 2,4-р зытекІуэдар унагъуэ Іэхутхъэбзэхэрщ.

Илъэсыр къыщІэзрихьэрэ **товарэхэмрэ Іуэхутхъэбзэхэмрэ щІат уасэхэр** ику иту процентэ 4,7-кІэ, абы щыщу ерыскъыпхъэхэм я уасэр процентэ 4,7-кІэ, хьэпшыпхэм я уасэр процентэ 5,6-кІэ, Іуэхутхъэбзэхэм я уасэр процентэ 3,3-кІэ хэхъуащ.

Щ1эхуакІуэ рынокым зыщыкІэлъыплъ ерыскъыпхъэхэм щыщу илъэсыр къыщІэзрихьэрэ нэхъ пуд хъуащ хадзэкІхэмрэ кІэрТІофымрэ: нащэр процент 62,2-кІэ, помидорхэм процент 50,3-кІэ, къабыстэр процент 19,3-кІэ, кІэрТІофыр процент 18,8-кІэ, пхъыр процент 16,1-кІэ, бжьыныр, жэгундэр процент 13,2-13,3-кІэ. Апхуэдэу я уасэхэм кІэрыхуащ джэдкІым процент 19,5-кІэ, фом процентэ 8,5-кІэ. **Нэрылъагъуу лъапІэ хъуащ** лимоныр - хуэдитІкІэ, дэр - процент 25,7-кІэ, мыІэрысэр процентэ 22,3-кІэ, бананэхэр-процент 15,5-кІэ. Адрейерыскъыпхъэхэм ящыщу зи уасэм нэхъ хэхъуахэм ящыщщ бдзэжьейзкІэхэр. Бдзэжьей гъэштар процент 28,5-кІэ, арыгъей лІэужьыгъуэхэр процент 28,3-кІэ, нэхъ лъапІэ хъуащ. Фошыгъуи я уасэм процент 21,8-рэ, хугум - процент 21,5-рэ, кхъуэлым - 19,1-р щІагъащ.

Ерыскъыпхъэхэм химыубыдэ товарэхэм ящыщу, ипэхэми хуэдэу, нэхъ лъапІэ хъуащ тутыныр (процентэ 22,8-кІэ), абы щыщу фильтр зыпыт тутыну ди къэралым щащІар процент 25,5-кІэ, нэгъуэщІ къэралхэм къращхэр - процент 16,5-кІэ. Нэхъ лъапІэ хъуахэм ящыщщ сабий хьэпшыпхэри: сабийхэм папщІэ вакъым и уасэр процент 19,2-кІэ, вакъэ щабэхэр процент 17,3-кІэ, школакІэу ныбжьым нэмыса сабийхэм папщІэ щыгъынхэр процент 18,8-кІэ иджы нэхъ лъапІэщ. Абыхэм къадэкІуэу, я уасэр къалэтащ печатым и продукцэм - процент 12,4-кІэ, автомобилхэм ирагъахъуэ газым - процентн 10,9-кІэ, автомобилхэм ирагъахъуэ бензиным процентн 9,8-кІэ, зэрыжьыщІэ, зэрытхъэщІэ Іэмэпсымэхэм - процентн 8,8-кІэ.

Цыхухэм хуащІэ **Іуэхутхъэбзэхэм** ящыщу нэхъ лъапІэ хъуащ кьалэ щыбыхэм кІэу поездэхэм я билетэр процент 37,5-кІэ, кхъухьлъатэхэм экономическэ классым хиубыдэ я билетэр процент 27,5-кІэ, плацкарт вагонхэм я билет- хэр процент 20,9-кІэ. НэгъуэщІ къэралхэм кІуэ туристхэм кьыхуащІэ Іуэхутхъэбзэхэр процент 19-кІэ, хьэщІэщ уасэхэр процент 13,9-кІэ, медицинэ Іуэхутхъэбзэхэр (дзэ Іулъхьэныр процент 12,3-кІэ, дзэ гъуэнэр дыжьныр процент 11,5-кІэ) нэхъ лъапІэ хъуащ. А псоми кьадэкІуэу, хагъэхъуащ кредиту кьыІас ахъшэм процентКІэ щхьэщащыкІыр процент 11,8-кІэ, маршрутхэм тету зекІуэ таксихэм я уасэр процент 8,3-кІэ. Процентн 8,8-кІэ кІэрагъэхуащ Интернетыр къэзэкІэпэныным щІат пщІэм.

ЦІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ерыскъыпхъэхэм я уасэр 2014 гъэм и фокІадэ мазэм и кІэухым ирихьэлІэуику иту КъБР-м мазэм сом 2676,43-р щыхьуащ. 2014 гъэм и щыщхьэІу мазэм елъытауэ абы процентн 2,9-кІэ, 2013 гъэм и дыгъэгъазэм елъытауэ процентн 2,3-кІэ хэхъуащ.

2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм **зы цІыхум тещІыхьауэ ику иту кьаІэрыхьэ хэхъуэр** (зэкІэ къызэрабжьмкІэ), сом 15180-рэ мэхъу икІи 2013 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм елъытауэ процентн 9,3-кІэ нэхъыбэщ. **ВакъэщІэм тещІыхьауэ** кьапщтэмэ, **ахъшэ хэхъуэр** (фІэкІыпІэ зимыІэ платежэхэр хэгъэкІауэ, щэхуакІуэ уасэхэм зэрызэхъуэжар кьалъытауэ), процентн 4,8-кІэ нэхъыбэ хъуащ. ЦІыхухэм кьаІэрыхьэ ахъшэ хэхъуэр кьызэрагъэсэбэп щыкІэр кьапщтэмэ, абы и процент 79,4-р хьэпшыпхэр хъэщхэунымрэ Іуэхутхъэбзэхэм я уасэхэмрэ трагъэкІуэдащ.

2014 гъэм щыщхьэуІум и кІэухым хуэзэу **республикэм и организацэхэм кьалэн зыщащІыжахэмкІэ щыхуэу ятелъар** сом меларди 5,4-рэ е щІыхьэ псоми я процент 12,5-рэ хьууэ щытащ. Зи пшыныжыгъуэ пІалъэр икІа щІыхуэ псоми ящыщу кредитор щІыхуэр процент 98,4-рэ мэхъу.

Зи пшыныжыгъуэ пІалъэр икІа кредитор щІыхуэу 2014 гъэм (щыщхьэуІум) и кІэухым сом меларди 5,3-рэ щІыащ. Зи пшыныжыгъуэ пІалъэр икІа кредитор щІыхуэ псоми я процент 80-м щІигъуэ электрокъарууэ, газыр, псыр кьалэжьымрэ тегущэныкІэ щІыхуэрщ.

Зи пшыныжыгъуэ пІалъэр икІа дебитор щІыхуэу 2014 гъэм щыщхьэуІум и кІэм ирихьэлІэу сом меларди 5 щІыащ. Зи пшыныжыгъуэ пІалъэр икІа дебитор щІыхуэм и процент 57,8-р хурагъэша товарэхэм, хуащІа лэжьыгъэхэмрэ Іуэхутхъэбзэхэмрэ я уасэу щэхуакІуэхэм кьамытыжахэщ.

ЦІыху къэс тещІыхьауэ мазэм кьаІэрыхьэ ахъшэ хэхъуэр (зэкІэ къызэрабжьмкІэ) 2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм сом 15180,2-м нэсащ икІи блэкІа илъэсым и апхуэдэ зэманым елъытауэ процентн 4,8-кІэ нэхъыбэщ.

Социальнэ ахъшэр хэмыту, 2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм (хьэрычэт Іуэху мыин и Іэнатіэм хиубыдэу) лэжьакІуэхэм **ику иту хуатх улахуэр** сом 19111,6-м нэсащ икІи 2013 гъэм и апхуэдэ зэманым елъытауэ процентн 8,2-кІэ нэхъыбэ хъуащ. КъыщІэкІым тещІыхьауэ кьапщтэмэ, курыт лэжьапщІэр (хуэтхъэр) процент 1,7-кІэ хэхъуащ.

2014 гъэм и щІышылэ-накъыгъэ мазэхэм Іэжьапщ1эр къэралэ унафэр зезыгъакІуэ организацэхэмрэ щыныбжьыщІагъэр кьызэзыгъэпэщ дзэхэмрэ щынэхъ ІьагъэдыдэУ, щІым щІэлъ хьугъуэфІыгъуэхэр кьыщІэзых Іэнатіэм щынэхъ мащІэ дыдэу щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр лэжьапІэкІэ кьызэзыгъэпэщ и органхэм 2014 гъэм и мэкъуаугъэуэ мазэм и кІэухым ирихьэлІэу **лэжьапІэ ямыІэу** официальнэу цІыху мини 8 щытхащ. ЗэрылэжьапІэнэщэм кьыжьКІэу ахъшэ кьратыну хуитынырэ яІащ цІыху мини 6,3-м.

КъБР-м ЦІыхухэр лэжьапІэкІэ кьызэгъэпэщынымкІэ и къэрал комитетым и органхэм 2014 гъэм и фокІадэ мазэм кьриубыдэу цІыху лэжьапІэнпэзу 1493-м зыкьыхуагъэзащ, лэжьапІэ кьагъэтыныжмкІэ ядэІэпыкъуну кьэпІалъэу. Абыхэм ящыщу цІыху 391-м, 2013 гъэм и фокІадэ мазэм елъытауэ хуэдэ 3,8-кІэ нэхъыбэм лэжьапІэ (хэхъуэ кьыщапхьи Іэнатіэ) кьагъэтащ.

Роспотребнадзорым и ЩІыпІэ управленэу КъБР-м щыІэм кьызэритамкІэ, 2013 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ 2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм республикэм щыІэ эпидемиологие щытыкІэм и нагъыщэ нэхъыщхьэу щытащ скарлатинэ зэуэІахэр хуэдэ 2,6-кІэ, кІэтІий уэ зэрыщІалэхэр зиІэхэр хуэдэ 2,8-кІэ нэхъыбэ зэрыхьуар.

КъБР-м щыІэ МВД-м кьызэритамкІэ, 2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм хабзэншагъэ зылэжьауэ цІыху 3093-рэ (процентн 5,9-кІэ нэхъыбэ) сэтей кьащІащ. ЩІэпхъаджащІэхэм ящыщу уголовнэ жэуапым цІыху 2621-рэ ирашэлІащ.

2014 гъэм и щІышылэ-фокІадэ мазэхэм кьырибыдэу хабзэншагъэ зыпэжьажьэм ящыщу процент 65,4-р сэтей кьащІащ. 2013 гъэм и ипэ мазибгъум ар зэрыхьуу щытар процент 62,5-щ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2014 гъэм фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу **цІыхуу исар** мин 860,5-рэ мэхъу. 2014 гъэм и ипэ мазибгъум республикэм кьалъхуауэ 8981-рэ, лІаУэ 5128-рэ щытхащ, 2013 гъэм и апхуэдэ зэманым кьалъхуахэр 8897-рэ, лІаХэр 5166-рэ хъууэ щытащ.

ЗАГС-м и органхэм нэхъыбэ 3556-рэ ятхащ. Ар 2013 гъэм и ипэ апхуэдэ зэманым нэхъыбэу ятхауэ щытам нэхърэ процентэ 7,2-кІэ нэхъ мащІэщ. ЗэбгъэдэкІыжхэм я бжыгъэр процентэ 2,2-кІэ нэхъыбэ хъуащ икІи 1459-м нэсащ. Республикэм щатха нэчыльхэм ящыщу 1000-м тещІыхьауэ 410-рэ якъутэжащ, 2013 гъэм и апхуэдэ зэманым а бжыгъэр 373-рэ хъууэ щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрстат.

Мылъку зэхэлъкІэ яухуэ унэ

● Чэнджэщ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министерствэм и Іуэхуі кІэ» 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м КъБР-м и Правительствэм къыдигъэкІа Унафэ № 369-ПП-м и 6.43-нэ пунктым ипкъ иткІэ, мылъку зэхэлъкІэ ухуэу фэтэр куэд хъу унэхэм е ямыгъэІэпхъуэ нэгъуэщІ псэуалъэхэм къэрал къэпщытэныгъэмрэ кІэлъыплъныгъэмрэ щезыгъэжьІуэжІкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министерствэрщ.

«ФЭТЭР куэд хъу унэхэр, ямыгъэІэпхъуэ нэгъуэщІ псэуалъэхэр мылъку зэхэлъкІэ зэрауухэм, Урысей Федерацэм и законодательнэ акт щхьэхуэзэм зэхъуэжІныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуі кІэ» 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыдэкІа и Федеральнэ закон №214-ФЗ-м, «Мылъку зэхэлъкІэ ирагъэкІуэкІ ухуэныгъэм халъхьа ахъшэр къззыгъэсэбэп ухуэкІуэхэм я лэжьыгъэр мазищ хъэс отчет зэрящІым и Іуэхуі кІэ» 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м УФ-м и Правительствэм къищта Унафэ №9645-м, Урысей Федерацэм Администрациемрэ къуаншагъэхэмкІэ и кодексым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм фэтэр куэд хъу унэхэр зи мылъкукІэ щауухуэ цІыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ хабзэкІэ я сэбэп зыхэлъхьэмрэ хьумэным и Іуэхуі кІэ» 2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 17-м къыдэкІа КъБР-м и Закон № 96-РЗ-м, нэгъуэщІхэми тету, Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ министерствэм и къэрал пщэрыльэр егъэзащІэ.

«КъБР-м и щІыналъэм фэтэр куэд хъу унэхэр зи мылъкукІэ щауухуэ цІыхухэм я хуитынгъэхэмрэ хабзэкІэ я сэбэп зыхэлъхьэмрэ хьумэным и Іуэхуі кІэ» 2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 17-м кьащта республикэ Закон №96-РЗ-м и 5-нэ статьям зэрыжиІэм хуэдэу, 2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 6-м министерствэм къыдигъэкІа унафэ (приказ) № 6-мкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм цІыхухэм я мылъкукІэ щауухуэ фэтэр куэд хъу унэхэм я реестрыр зэрауб-зыху икІи зэрызэхуагъакІуэ Хабзэр кьащтащ.

«Фэтэр куэд хъу унэхэр, ямыгъэІэпхъуэ нэгъуэщІ псэуалъэхэр мылъку зэхэлъкІэ зэрауухуэм, Урысей Федерацэм и законодательнэ акт щхьэхуэзэм зэхъуэжІныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуі кІэ» Федеральнэ законым ухуэныгъэм хуэзэну ахъшэр лъэныкъуэхэм зэрызэщІагъэІуэу щыкІэмрэ зи мылъку хэзыльхьэхэм фэтэрымкІэ яІа хуитынныгъэхэмрэ ягъэувэ. Абы и Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм зэрыщыбзыхуамкІэ, ухуакІуэм цІыхухэм я ахъшэр ящІыгъэхмэщ, ухуэныгъэ иригъэкІуэкІыну хуит зыщІ тхылъ къыИхмэщ, проектым и декларацэр игъэхьэзырэр зыкуэдэр игъэбелджылымэщ, апхуэдэу зэгурыІуэныгъэкІэ ухуэныгъэм и мылъку хэлъхьэмэщ.

УхуакІуэ щхьэхуещэм зыщІихьумэн папщІэ, зи мылъку хэзылъхьэм, зэгурыІуэныгъэ щызэращІылэкІэ, законыр иджын, зэгурыІуэныгъэр зыхуэздэм кууэ зыхигъэгъуэзэн хуейщ. ЗэгурыІуэныгъэр щагъэхьэзыркІэ законодательствэм къигъэуэр ящІар кьыльатэпхъэщ икІи мылкуэдэ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр къыщыгъэлъэгъупхъэщ:

- мылъку зэхэлъкІэ ящІ фэтэр куэд хъу унэр е нэгъуэщІ ямыгъэІэпхъуэ псэуалъэр зыщІар хъуа нэужь, проект тхылъым зэрыжиІэм хуэдэу, ухуакІуэм хэхуэ итын хуей объектыр гъэбелджылыныр;

- мылъку зэхэлъкІэ ирагъэкІуэкІ ухуэныгъэм хэтым объектыр щратыжьын хуей пІалъэр;

- зэгурыІуэныгъэм хуэзэр, ар щат пІалъэмрэ зэрыхалъхьэ щыкІэмрэ;

- мылъку зэхэлъкІэ яухуэ объектым шэсыпІэу хуагъэув пІалъэр;

Мылъку зэхэлъкІэ ирагъэкІуэкІыну ухуэныгъэм зэрыкьхьэмкІэ зэгурыІуэныгъэр ар зи пщэрылъ Іуэхуэщ1эм деж фІэкІыпІэншэу къэралым щрагъэтхын хуейщ (Мылъкур къэралым итхыныкІэ, кадастрымрэ картографиемкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм (Урысей Реестрым и управленэм). Лъэныкъэхэм Іэ зыщІадза зэгурыІуэныгъэр зэращІыпІауэ къыщыщІэдзауэщ. Зи гугъу тщІыхэр къыщымыгъэлъэгъуамэ, апхуэдэ зэгурыІуэныгъэр зэрамыщІыпІауэ (мыпэжу) къалъэтэ.

ЗэгурыІуэныгъэр Урысей Реестрым щегъэтхыныр ухуакІуэм щхьэзыфІэфІу игъэгъэмэз, зи мылъку хэзылъхьар хуитщ, абы хъыбар иригъащІуэ, а Іуэхур езым зэфІихыну е УФ-м и Граждан кодексым и 165-нэ статьям и 3-нэ пунктым зэрыжиІэм хуэдэу, суд ІэмалкІэ иригъэтхыну.

Апхуэдэу зэгурыІуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуа къаланэхэр къызэпэуэдым ихь жуэупІэр зыхуэздэр законым щыгъэбелджылащ. А къаІэланэхэр зымыгъэщІэна е и кІэм нэзымыгъэса лъэныкъуэр федеральнэ законымрэ зэгурыІуэныгъэмрэ зэрыщубзыхуэм хуэдэу, адрейим хэпшынэн (къуэды, пеня), абы и лейуэ къыхуихьа хэщІыныгъэр зэрыщыту иритыжьын хуейщ. А хабзэр ухуакІуэм, фэтэр куэд хъу унэм зи мылъку хэлъым ельэІащ.

Мылъку зэхэлъкІэ ухуэныгъэр зэрыгарэзыгъэкІ хабзэм, фэтэр куэд хъу псэупІэ унэхэр зи мылъкукІэ ящІхэм я хуитынныгъэхэм теухуа хъыбархэр министерствэм и **www.stroykomplekskbr.ru** официальнэ сайтым къыщагъэтыныщ, апхуэдэу я щхьэкІэ чэнджэщ хуейкІэр и Іэщ1ап1эм зыхуагъазэ хъунущ. Министерствэм и хэщІапІэр: 360000, КъБР, Налшык къалэ, Армандэ и цІэр зезыхьэ уэрам, 43.

ТхыгъэкІэ зыхэзыгъэгъуэзэну хуейкъым министерствэм тхылъкІэ зыхуагъэзэн е зыщІэупщІэр пощткІэ ирагъэхьын хуейщ. Зэрызыхуагъазэр зэрэІэрыхьар ятха нэужь, республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министрым е абы и уполномоченнэ къуэдзэм жэуапыр зыгъэхьэзырынур егъэбелджылы.

ГЪУКІАКЪУЭ Идар.

● Къэрал Іуэхущ1ап1эхэм

ШапщІэм хуэзэр дапщэ?

КъБР-м Энергетикэмкі э, тарифхэмрэ псэупІэ кІэлъыплъныгъэмкІэ и къэрал комитетым и кІэлъыплъакІуэ-ревизэ кьудамэм жэпуэгъуэ кІуам кьыщыщІ 2013 гъэм и етІуанэ мазихым газ щащІэм хуэзэм щхьэхуэу хуащІагъуэм кьыпэкІуэ кьызэрагъэпэщ «Газпром и Іуэхущ1ап1э» ОАО-м кьызэригъэсэбэпа щІыкІэр.

КЪЫЗЭРАХУТАМКІЭ, а щІыкІэм тету, кьыІэрыхьа сом меларди 8,18-м щыщу республикэр газкІэ кьызэгъэпэщыным и Іуэхум абы хилъхьар меларди 5,03-рэщ. Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм я программэр гъэзэщІэным теухуауэ 2013 гъэм зэфІагъэкІахэр пэжу къызэримыгъэлъэгъуам къыхэкІыу, УФ-м и КоАП-м и 19.7.1-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэмкі э «Газпром - газыр зыгуэш Налшык и Іуэхущ1ап1э» ОАО-м административнэ жэуап ирагъэхьащ, сом минищэкІэ ятхъэкъащ.

Газ щащІэм хуэзэм нэгъабэ щхьэхуэу хущІагъуам къыпэкІуа ахъшэм щыщу къамыгъэсэбэпа сом мелуан 1,78-р Газ гуэшпІэхэр зэгъэпэщыжьнымрэ ухуэнымрэ я программэм хагъэхьэнущ. Къэрал комитетым деж щызэхуагъэкІуэнурэ, социальнэ мыхьэнэ зиІэ

Экономикэ Политикэ

Махуэ

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

ЗыхуэІуа щыІэкъым

«АиФ»-р журналист, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ Соловьев Владимир елъэІуащ къэкІуэнур зыхуэдэм дыхигъэгъуэзэну.

- Дызыхьыха илъэсыр сыт хуэдэу щытыну къэплъытэрэ?

- ЗэблэкІыгъуэ лъэхъэнэу. Зитлъэфыхьыну дэ зэман диІэкъым. ТщІэнум дыщытепсэлтыхь зэІуищІэхэм дакъпыкІыу дылэжьэн хуейщ. Президентым Федерацэ Зхуэхьэсыр зыхигъэзащ. Абы теухуауэ сэ мыпхуэдэ упщІэ къызэрыгуэкІ сиІэщ: къэралым и Іэтащхьэм жиІэм щхьэкІэ Іэгу еуэу щысахэм сыт зэран яхуэхъуар нэхъапэІуэкІэ а Іуэхуэхэм яужь ихьэну?

Іуагъэкіэ щыІэ?

- Сэ сыкъеджащ Президентым пщэрдпІэ ящищІахэм я процент 40 фІэкІа ямыгъэзащІу. Ари и кІэм намыгъэсауэ.

- Араущ зи гугъу щІыпІэм. Ауэ хэт абы щхьэкІэ Іуагъэкіар? Хэт абы пщэрдпІэ ящищІаехэр зыгъэзэщІэнур? Хоттабыч лІыжьра? Къэралыр зехьэным Іуэхущ Іапіэ куэдыІуэ зэрыхэпщІар араУэ пІэрэ зэран хъур? Сэ ущи къытесхьэрэкъым апхуэдэ щытыкІэм къиКІын папщІэ Президентым зэгуэр къэралыр зэрызэрахьэ щыкІэр зэхуэкІын зэрыхуэфим зэрегупсысынум. Унафэхэр нэхъ тыншу ялъэІэсын папщІэ Іуэхущ Іапіэхэри зэгуигъэхъэныр абы хэту.

ХьэрычэтыщІэ лэжьыгъэ мащІэмрэ курытымрэ ятхьэлъэу жаІэ. Хэт зытхьэлар? Марсым щыІэ сэуэхэр ара? Хэт абыхэм налог егъэлеяхэр ятезыльхьар? Мис а гуфІэу Іэгу еуэу пэшым щІэса къулыкъущІэхэрщ.

Сэ си гугъэщ щыдагъэр зыщыдгъэгъупщэу къэрал ахъшэр зыужьыныгъэм и унэтІыныгъэ дэтхэнэхэми тедгъэкІуэдэныр щыдубзыхун хуей лъэхъэнэм дыхьэхьауэ. Апхуэдэу дегупсысыпхъщ нэгъэщІ къэралхэми къитуу щытагъэр зэрыгъэтхъэщІынум. Сэ хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэ мащІэмрэ курытымрэ налогхэр ящхьэщысхьапэнт, зыкъыІэтыну икІи лэжьапІэ Іэнатіэхэр къызэрагъэпэщыну Іэмал естын папщІэ. Дэ ди дежи псори щызэІуымыбзщ: Іэ сэмэгум ищІэркъым Іэ ижьым ищІэр. Дэ жыдоІэ зы унафэм дытетын хуейІу, ауэ а хабзэр дгъэзащІэркъым. Президентым жеІэ: дэ налогхэр дгъэмэщІэнущ. Ауэ абы зы тхьэмахуэкІэ и пэ иту Думэм Іэ щаІэтащ налогхэр къэІэтыным теухуауэ. Мис апхуэдэу мэгушыІэхэр.

- Мыпхуэдизу ди Іуэхуэхэр зэІыхьэн и пэкІэ хэт дэ зэран къытхуэхъуар щыдагъэмрэ газымрэ къыщІэтхьым дыщыгугъыу дыщымысын папщІэ?

- Сытыт дыщІэгупсысэнур ахэр щыдиІэкІэ? Абы щыгъуэми, щыІэдагъэр щІынэу ящэ икІи зыми игу къыдэкІыжьын фІагъэшхуэ зиІэ бензинхэр щагъэхьэзыр заводхэр яухэн зэрыхуейм. Пщэну нэхъ тыншщ, «Зенит»-м хуэдэ командхэм уадэІэпкъуу иужькІэ зыкъэбгъэлъагъуэ мэхъу. Ильэс зыбжанэ и пэкІэ Миллер хуэджИащ: «Сланц революцэ къэхъуну? Делагъэ дыдэщ - зы щыдагъэ баррелыр доллар 250-рэ и уасэнущ». Дэнэ щыІэ а уасэр? Ди щыдагъэ рынокым дыкъыхаху. Абы пэдгъэувыдиІэ? Сэ языныкъуэхэм деж министрэхм я биографиехэм сыкьоджэ икІи сыщІоупщІэ: сыт мыбы мы кулыкъыр щІиІыгыр? Сэ абыхэм си гур къахуэпльырыкъым, ахэр щІыхуфІ дыдэу къыщІэкІынкІи хъунущ, ауэ сыт щІэминистрхэр? ЩІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ Іэщ Іагъэлэ ара? Апхуэди яхэтынкІэ хъунущ. Ауэ куэдыр апхуэдэкъым. Илэрей кризисыр щыщыІэ 2008 гъэм Путиныр премьер-министру лажьэу олигархэхэри яхэту псори зэхуаШэсырт, псоми жаІэм едаІуэрти, унафэ пыуухьІакІэхэр къащтэрт. Абы къыхэкІыу гугъуехьшхуэ хэмылъу а илъэсхэр къызэдэнэкІащ. Иджы зэхуащэсра? Кризисым къызыщыну штаб къызэрагъэпэща? Ар зэдащІыЗэр сыбгъэльагъу.

- Сомыр еврэмрэ долларымрэ нэхърэ апхуэдизкІэ нэхъ пуд хъуныр къызыхэкІар сыт? Ар псынщІэ дыдэу ехуэх-дэкІуеижу зэрыщытыр сондэдэжрэхэм я зэрану Іэщагъэлілхэм жаІэ.

- Мыбы сондэджэрыгъэ хэлъщ. Сомыр бгъэбыдэн папщІэ лъабжьэ ухуейщ. Урысейр иропсэу нэгъэщІ къэралхэм къраушэм. Сыт сомкІэ къыпхуэщэхунур? ЩІыи? ХьэлІамэ, къуащэщ. ЩІыналъэ абрагъуэм дыщопсэу, ауэ щІы къыпхуэщэхунукъым. Ди щыхуэхэр я щІынальэм щхьэ хуимытыжрэ? Си программэм къакІуэри, Прохоров Михаил а Іуэхум теухуауэ гупсысэ хъарзынэхэр къыхилъхьащ. Зыгуэрым зэхиха абы жиІар? Хьэуэ. Доллархэр къащэхуным и пІэкІэ сомыр къэрал кІуэщым къыщагъэсэбэпыну Іэмал етын хуейщ.

- Санкцэхэм зэхъуэкІыныгъэфІ гуэрхэм дыхуашэнкІэ хъуну?

- ФІым фІэкІа дыхуашэ хъунукъым. Ауэ ди деж зы къэралым къыщищхъуу щытар нэгъуэщІ щыпІэхэм къыщалъхьхуэу щыхуэжьащ. Лыми кхъуейми я фІагъыр ехуэхащ. Хэт зыгъэІэфІынур? Ди фермерым зыкъуижьыжьыфыкъым, абы кредит лъэпсэйр къызэрырата пІалъэ кІэщІым зы Іэмал гуэрри къыхуигъэнакъым зиуэзщІыну. Иджыри къэс мэкъумэш Іэнатіэм къыщагъэсэбэпу щытахэр нэгъуэщІ къэралхэм къраушэрт: Іусыпхъэхэри, техникэри, нэгъуэщІэри. Зэгуэр Китайм, Сингапурым, Чилим зыкъезыгъэІэта реформэ инхэр ирагъэкІуэкІащ кІэлъыплъыныгъэ ткІийм щІэту, жауаплинымгъэшхуэ яхьу. Реформэхэр щрагъэкІуэкІым а къэралхэм демократие щыІуэ пхужьІэнкъым. ИтІанэ экономикэр демократие хабзэхэм хуагъэкІуащ: законым и пащхьэм псори щызэхуэдащ. Ауэ ди дежи псори щызэхуэдащ? Дыхьэшхэнщ, жыпІэн къудейри

ЕмыкІущ

- Ди къэрал корпорацэ ин дыдэхэм я топ-менеджерхэм я бонусхэр нэгъабэ и кІэуухьм доллар мелуан зыбжанэм хуэкІуауэ щытащ.

- Сыт хуэдэ бонусхэм я гугъу щІы хъуну къэралым и экономикэр апхуэдэу щызэІыхьа зэманым? Ахъшэ гуэр къеІыпх хъуну уи Іэнатіэр апхуэдизу еуэхауэ? Мы зэманым емыкІыщ ныбапщІэу ущытыну. Абы къыхэкІыу къэралым нэмысыбГагьым и щапхъэ кьигъэлъэгъуэн, езым зытригъэкІуадэр игъэмэщІэн хуейщ: машинэщІэ къамыщхуми, мраморым мыхъэщІыкІа унэ уардэхэр ямыухуэми, Іупъхъэ къыламыхми, ягъэ кІынкъым, уи закъэхэр ууейхэм йомыту ахэр нэхъыбФІу зыгъэзэщІэфынчэм епТ хъунущ.

-Украинэм къыщыхъуам хуэдэ Урысейм къыщыхъункІэ хъуну? Кризисым къэралым ткІиягъэр щызэщІигъэплъэнкІэ зыхуэІуа щыІэкъым.

- Абы хущІэкъуни къахэкІынущ. Ауэ апхуэдэхэр къыщыхъур ящастыр щымахэ къэралхэрщ. Абы къыхэкІыу властыр губзыгъэу щІы ікІи льэщу щытын хуейщ. Дэ, журналистхэр, пІалъэпІалъэкІэрэ Путиным дыхуоз икІи сэ абы зэпымыууэ жызоІэ: щІыхуэм ягурыгъэІуэн хуейщ уазэрыщыгугъыр, дызыхуэкІуэр.

ПОЛУПАНОВ Владимир.
«Аргументы и факты»

Нэхъ мащІэ хъуну пІэрэ?

ІэщІагъэлІхэм къалъытэ щІыналъэм щыІэ хамэ къэрал дэжьакІуэкъэр нэхъ мащІэ хъуну.

- Мы зэманым ди республикэм щолажьэ Іэщ Іагъэ зэхъэлІэн хуэмей Іэнатіэхэм пэрыт щІыху минитхум щІигъу, - къыджиІащ УФ-м ІэпхъуэщапхъуэхэмкІэ и федеральнэ Іуэхущ Іапіэм Къэрэшей-Шэрджэсым щиІэ къудамэм и унафэщІ Коршуновэ Лидие. - Абыхэм яхэтщ зи Іэщ Іагъэм фІыуэ хэзыщІыкІ щІыхуипІ. Ахэр Узбекистаным къикІащ. Мы зэманым дэ долъагъу къуэкІыпІэ льэныкъуэмкІэ къикІахэр нэхъ мащІэ зэрыхъур. Абыхэм я пІэ йоувэ Украинэм и ищэ къуэкІыпІэ льэныкъуэр зыбгынахэр.

Осетие Ищэм хуэныгъэ, сату Іэнатіэхэм щолажьэ узбек, таджик куэд. Ауэ иужьрей зэманым ари ябгынэ. Щхьэусыгъуэу къагъэлъагъуэр сомыр пуд зэрыхъумрэ зэрамыщІэмрэщ.

ПАНКОВЭ Еленэ,
«Аргументы и факты»

● Упщіэ - жэуап

Сыт и лъэныкъуэкІи

- Урысейр мы гъэми Донбассым и цІыхуэхэм ядэІэпыкъуну зауэм и Іэужьхэр ягъэкІуэдыжьын и лъэныкъуэкІэ?

А упщІэм жэуап ирет Федерацэмкіэ Советым и Унафэщі Матвиенкэ Валентинэ.

- 2014 гъэм Урысейм Донбассым куэду иригъэщащ цІыхуэхэр псом япэу зыхуей льэпшыпхэмрэ ерыскъыхэмрэ – хущхьуэхэр, псэуалъапхъэхэр н. къ. Пэжщ, абы щытыкІэр щыхьэлэчщ: унэ куэд щызэтрах ыуащ, ерыскъыпхъэхэр къащэ мэщІэкІ, пенсэхэмрэ упхуэхэмрэ щатыркъым. Украинэм дэІэпыкъуащ Урысейм и щІыналъэ куэд. ИльэсщІэм и пэ къихуэу дэ Федерацэмкіэ Советым щызэхэутхьэсащ сабийхэм хуащІ тыгъэхэу минипщІ хуэдиз. Аэр Донецкрэ Луганскрэ едгъэшащ. Дяпэкіи дадэІэпыкъуну ди мурадщ. ФедерацэмкІэ Советым и жэрдэмкІэ Украинэм и ипщэ-къуэкІыпІэ льэныкъуэм дэІэпыкъун хуэлагъуэ комитет къызэдгъэпэщащ. Абы куэд зэфІигъэкІащ а щІыналъэхэм щыпсэуэхэм защІигъэкъуэн и льэныкъуэкІэ.

«Аргументы и факты».

ЩІэныгъэм и дунейм гъуэгу бгъуфІэ щыхэзыща, а Іуэхум ильэс 45-рэ езыта Къуэдзокъуэ Хьэмидбий Бахъсэн куейм къыхъуэ Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ 1937 гъэм накъыгъэм и 5-м. Гъащ Іэ гъуэгуанэ купщІафІэ къикІуащ абы. Школыр къызэриухыу ар ираджащ дзэм къулыкъу щищІэну. 1959 гъэм Къуэдзокъуэр щІэтІысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и биологие къудамэм. Ар студент нэхъыфІхэм хабжэу еджащ. ЩІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм дихьэха щІалэм университетым къыщицІэр фІэмащІэу, къыхихха ІэщІагъэм и щэхуэм езыр-езыру зэрызыхигъэгъуэзэным яужь итт, кружокхэм кІуэрт, конференц зэмылІэужьыгъуэхэм къыщыпсалъэрт. Сыт хуэдэ гугъуехьми фІы гуэр къыпокІуэ, жаІэ. Къуэдзокъуэм къыхихха унэтІыныгъэмкІэ химие-биологие факультетым япэ дыдэу диплом лэжьыгъэ щызыгъэзэщІар аращ, лэжьыгъэри фІы дыдэу къалъытащ.

ИРИГЪЭЖЬА къэхутэныгъэхэм пищэну и мурадами, а зэманым Къуэдзокъуэм ар заншІэу къьхъуІакъым. И дипломыр къыІэрыхьэжа нэужь, Хьэмидбий Зеикъуэ къуажэ дэт курыт еджапІэ №2-м къигъэзэжри, абы биологиемрэ химиемрэ щригъэджу илъэситІкІэ щылэжьащ. ЩІэныгъэр зи гуращэ щІалэм и мурад къьхъуІащ 1967 гъэм - ар КъБКъУ-м и аспирантурэм щІэтІысхьащ, нэхъ ижьыІуэкІэ ягъэкІуащ Дон Іуфэ Іус Ростов къалэ дэт университетым и «Физическая и колоидная химия» кафедрэм икІи 1971 гъэм и кандидат щІэныгъэ лэжьыгъэр щыпхигъэкІащ. Апхуэдэу, Къуэдзокъуэ Хьэмидий «Колоидная химия» унэтІныныгъэмкІэ КъБР-м и япэ щІэныгъэлІ хъуауэ Налшык къигъэзэжащ икІи «Физическая химия» кафедрэм и ассистент ІэнатІэмкІэ лэжьэн щыщІидзэри, доцент щІэри къыфІащащ.

«ЕгъэджэныгъэР нэхъыфІу къыхэхъуІэр щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъыпмрэ ар фІыуэ зыльагъэмрэщ», - жиІэгъат Менделеев Дмитрий. Къуэдзокъуэ Хьэмидий егъэджэныгъэ Іэнатіэми Іэщ Іагъэлі Іэзэу зыкъыщигъэлъэгъуащ. Абы и лекцэхэр гъэщІэгъэнэу, зытеухуар дэтхэнэ студентми гурыІуэгъуэ ящыхъун хуэдэу зэхилъхьэрт. Егъэджэныгъэм къыдэкІуэу, Хьэмидий и щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэр зэи зэпигъэурэгъкъым. Зэреджэ методикэ тхыльу 10-м щІигъу къыдигъэкІащ, и къэхутэныгъэхэр къыщигъэлъэгъуа тхыгъэхэр щІэныгъэ журналхэмрэ конференцхэм я сборникхэмрэ къыщытрадзащ. Хьэмидий жьыджэру хэтащ илъэс 45-м нэскІэ щылажьэ КъБКъУ-м и лабораторащІэ куэд къыщыІухыным, ахэр зэІуэпэщ щІыным. Къыхэтэщ щыпхъэщ Къуэдзокъуэм и джжІэ апхуэдиз Іуэхур кьалэну, лэжьыгъэу зэрыщымытыр - ар щІэныгъэлІым и дуней тетыкІэщ, и гъащІэ мардэщ, и псэукІэщ.

ЗэфІэкІыштуэ зыбгъэдэлъ, щІэныгъэм щІэуэ къыхьхьэм зыдезыгъэкІу Іэщ Іагъэлі Іт Къуэдзокъуэр. Зи лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу къыхэзыгъэпэщ егъэджакІуэм и студентхэм я деж щІэ хэха щигъуэтырт, и лэжьэгъуэхэм фІыуэ къалъагъурт. Мы тхыгъэр щызгъэхьэзырым сэ саІущІащ Хьэмидий ильэс куэдкІэ къыдэлэжьахэм. Абыхэм я джжІэ хьэлъэт я ныбжьэгъуэ мазэ зыбжанэ хъуауэ къаззэрыхэмытыжьыр. Сэ зыхэсщІащ Хьэмидий и фэеплъыр абыхэм я джжІэ зэрылъапІэр. ЩІэныгъэ, егъэджэныгъэ гъэгъуанэм ильэс куэдкІэ къыдытета Шурдым Гъаззэлий псом хуэмыдэу гуапэу игу кьегъэжьыж и ныбжьэгъур. Зы къуажэ къыдэкІа, щІэныгъэ Іэнатіэм зэгъуэгу пэрыува щІалэхэр гугъуехь куэдым щхьэдэхащ, кафедрэм щыщІалэжьа зэманми я пщэ къыдэхуэу сыт хуэдэ кьалэнми пэлъэщхэрт. И ныбжьэгъум хэльа хьэл-щэнхэм я щыщу псом нэхъыбэ нэхъапэу Гъаззэлий кьелъытэ абы и Цыхутъэ лъагэр, пэжагъ хэлъу зэрыщытар.

- *ЦІыхур дунейм ехьжами, цІыхуэхэм щащымыгъупщэм деж, абы пщІэ иІэу, нэмыс хэлъу, Іуэхуфі и Іэрыкіыу псэуащэ аращ. Абы и фэеплъыр яхъумэ, ар ягу ихурккъым къыдэлэжьахэм, зыцІыхуу щыта псоми, - жеІэ. Шурдымым Хьэмидий унагъуэ дахэ иІэт. И щхьэгъусэ Люсенэ ильэс 30-кІэ КъБКъУ-м и библиотекэм щылэжьащ. И къуэ нэхъыжь Артур щІэныгъэ нэхъыщхьэу тІу зригъэгъэтащ, Москва кьалэ щыІэ хабзэхъумэ ІэнатІэхэм язгъэзэным щолажьэ. Нэхъыщ Іэ - Азрэт авиацэмкІэ институтымрэ МГИМО еджапІэмрэ къыщхьэу ари Москва щыІэщ. Унагъуэ зрагъэгъуэтауэ, къащІэхъуа щІэблэр анэшхуэм и гурыфІыгъуэщ.*

Ильэс куэдкІэ студентхэм лекцэ къаХуеджа Хьэмидий ІэщІагъэлІ щыхьэм гъуэгуанэ зыгъэхьэуауэ яхъуэ жьпІэ хьунущ. Абыхэм языхэзщ Шэрджас Заур. КъБКъУ-м и химие къудамэм щеджэжу къыщІыхуат абы Къуэдзокъуэр, иужькІэ ахэр зэлажьэгъу хъуащ.

- *Хьэмидий къэсцІыхуат 1994 гъэм. Студентхэм фІыуэ ящальагъурт ар. Абы и щхьэусыгъуэр зыгъэрым нэ лейкІэ епльу арапэкъым, атІэ и щІэныгъэр щІалэгъуалэм зэрабгъэдилъхьэным яужь итт, зэхэгъэж ипщІу, псоми фІыуэ яхущытт. «ЦІыху пэж» жьыхуэІэм куэд къызэщІеубыдэ. АтІэ, апхуэдэт Хьэмидий. Химие ІэщІагъэм гурэ псэкІэ етауэ бгъэдэт лІым нэхъыжьми нэхъыщІэми бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ къахуиГъуэтырт. 1996 гъэм университетыр къэзухыу аспирантурэм сыщІэтІысхьа нэужь, ар къыхэрысхущытым зэуэ зихуэжакат: и лэжьагъуэ сигъэльагъуэжьырт.*

Сызэлэжьым къызгурымыІуэ къыхэкІамэ, нэхъ гугъу дыдэу къыщыхъу темэри зэпкърыхауэ, хьэзыру сипащхьэ кьрилъхьэнут. Хьэмидий зэлэжьа унэтІныныгъэмкІэ бгъэдэлъа щІэныгъэм хуэдэ зиІа къудамэм щылажьакъым. «Колоидная химия» унэтІныныгъэ лъэ быдэкІэ уеыным щІэныгъэшхуэрэ къафырэ хилъхьащ Хьэмидий, - игу кьэгъэкІыж Заур. - ЦІыхуСэ и лъэныкъуэкІэ, хуэдэ гъуэтыгъуейт. Сэ зыхэсщІэрт егъэлеяуэ фІыуэ сыкъызэрилъагъур. Абы куэдрэ жиІэу зэхэпхынт: «НэхъыщІэм пщІэ хуэщІын хуейщ, уи щхьэм пщІэ игъуэтыжыну ухуейм». - НэхъыщІэм гъуэгу етын хуейщ». Ар гъуэгуп І зыми хутегъэхьэнтэкъым, щихьумэнт абы хуэкІуэ ильагъуми.

Хъурей Арсен ильэс 37-м щІигъуэ КъБКъУ-м и университетым щрегъаджэ. ИкъукІэ гуапэу игу кьегъэкІыж куэдрэ зыдэлэжьа Къуэдзокъуэ Хьэмидий:

- *Университетым сыкъыщыщІэтІысхьа махуэ пльандэрэ сцІыхуащ Хьэмидий. Игурэ и щхьэрэ зэтелъу, бгъэдэлъ щІэныгъэм кьигъэгъуГъэрэ зыпэрыт ІэнатІэм и зэфІэкІ псори ирихьэлІэу, чэнджэщэгъуфІэ щапхъэ дахэрэ нэхъыщІэхэм яхуэхьу - апхуэдэущ са а лІыр зэрысцІыхуар. «Мыр къемыкІуу илэжьащ», - жаІэу а зэман кІыхьым кьрищбыдэу зэхэсхакъым. «ЦІыхум и гум илъыр и нэгум къыжеІэ», - жьыхуаІэращи, и нэгур зэІухуаэ, Іэщабэ-Іущабэщ, Іэдэбу, цІыху губзыгъэзу щытащ Хьэмидий. ЗыгуэркІэ и Іуэху хуэзыхуэмыгъэхьыри, абы зэи дэплъагъунутэкъым губжащэ, е, нэгъуэщІхэм хуэдэу, «и бампІэр игъэпІысым папщІэ», Іуэхур зэфІэкІа нэужь, зыгуэрым хуэшхыдэжу.*

Зэи къэхъукъым Къуэдзокъуэм студентхэм я пщІэр щриудыха, яхуэмыфащэ щажриІа. Сэ химие къудамэм деканц илъэситхум нэскІэ сыщылэжьат. Хьэмидий и студентхэр нэхъыфІыжу иригъэджэн и мурадц, хиГъэзыхь хуэдэрэ балл нэхъ мащІэ яхуигъэныфт. Тхьалъэм балл бжыгъэхэр иратха нэужь, «Мы бы хуэзгъэцвар мащІэІуэщ, зэзгъэхъуэкІыж», - жиІэрти къыщІыхьэрт ар. Апхуэдэу пщІэ зэрымыхуэрыгу ищу къыщызгъэкІыжкІэ, «СощІэ, ауэ си гум сызэрехуэ, и жагъуэ сщІауэ къыщІэкІмэ», - жиІэрти щІэкІыжырт.

Апхуэдэ гулъытэ лъагэ Хьэмидий зыхэт гупым я деж къихуэгъэтар лэжьыгъэм хуиІэ щытыкІэмкІэт, ар зэрырихьэкІ псэ хьэлэлагъырт. Араущ адыгэ псалъэжьми «ЦІыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ» щІыжиІэр.

Къуэдзокъуэ Хьэмидий къызыхэкІар унагъуэзэхэт. ФІыуэ яльагъу, зэрыгушхуэ я къуэшыр зэшзэзэпІэу дунейм зэрехьжар псоми гуауэ ящыхъущ. Абы и Іыхьлыхэр яужь итщ Хьэмидий и унагъуэм зэрахуэзэфІэкІкІэ зыщІагъэкъуэну, къатепсыа гуауэр нэхъ псынщІэ щалІыну. Лъэпкъым я нэхъыжь Къуэдзокъуэ Анатолэ игу къызэригъэкІыжьымкІэ, Іыхьлыкі Іэ гумащІэу щытащ Хьэмидий. Сыт щыгъуи абы и гъэнэхъапэрт и къуэш-шыпхъухэм ятеуха къалэн гъэзэщІэныр.

Адыгэ хабзэмрэ нэмысмрэ зэрылъ унагъуэм кьихъуэ бынми зыхалъхьащ адэм и щапхъэри, анэм я уциери.

- *Унэми щылажьэрт ди адэр, - жиІэрт Хьэмидий и къуэ Артур. - Лабораторэм зыщыІэжьауэ, гуваущ унэм къэкІуэжами, къыкІэлъыкІуэ махуэм иригъэкІуэкІыну лекцэм зыхуигъэхъэзырырт. Абы кьыгуры Іуэрт щІэныгъэр и пэкІэ щыкІуатпэкІэ, егъэджакІуэри и пІэ имыту, зэманым кьыхуигъэхъэжьауэ пэувыфу щытын зэрыхуейр. ЩІэныгъэм дыхишэну зэи къыдэныкъуэкъуакъым, ауэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэдгъэгъэуэтмэ зэрынэхъыфІыр хьэкъуу ди фІэщ ищІат. Ди адэм иту техуэрэтэкъым «зи пэ дэзыгъэзэйхэр», нэхъ лейуэ цІыхум зыкъыхагъэщхьэхукІыну хущІэкъуэр. Дэри дигъэсащ апхуэдэу.*

- Ди адэм хиша лъагэуэм дытету дыхэзыпсэуным яужь дитщ, - и къуэшым и гупсысэм къыпещэ Азрэт. - ПІейтмэгъ хэмылъу, ар сытым дежи щІыху зэтетт. НэгъуэщІхэм дащымыгугъыу, сыт хуэдэ лъэныкъуэкІи ди щхьэ Іуэху зетхуэжьыфу дыщытыным дыхуигъасэрт абы, икІи икъуэкІ щхьэкІэ щхьэпэжащ ищІ и ущиехэр. Дэ куэдрэ къыдогъэсэбэп ди адэм иІа Іуэху зехьэкІэр, щІыху хэпыкІэр, нэгъуэщІ хьэл-щэнхэри.

Щхьэгъуэзэ тыншу, адэ, адэшхуэ гумащІэу, ныбжьэгъу пэжу, лэжьакІуэшхуэу щыта цІыху щэджащэр зыцІыхуу щыта псоми я гум фІыкІэ къинащ Къуэдзокъуэ Хьэмидий. КъызэринэкІахэр абы и фэеплъ нэхум хуэпэжу дунейм тетынущ.

ЩОДЖЭН Іэминат.

Къуэдзокъуэ Хьэмидбий и щхьэгъусэ, Тенджызхэ япхуэ Люсенэ, и къуэхэу Артуррэ Азрэтрэ.

● Фэеплъ

БлэкІа зэманым хэплъытэну хьэлъэщ

Къуэдзокъуэ Хьэмидбий и лэжьыгъуэхэм я гъусэщ.

● Ди гъунэгъуэхэм я деж

ЩІыуэпс фІыгъуэ

Кисловодск паркыр дяпэкІи къэралпсо мылъкуу щытынущ: федеральнэ властхэм ядакъым, а щІыуэпс фІыгъуэр щыналъэм иратыжьын.

ПАРКЫР щІэтэхуэжьбжауэ яхьумэ федеральнэ щІыпІэу къаГъэнэжьну - нэгъуэщІу жьпІэмэ, лъэпкъ парк ящІыну я мурадщ. Абы илъэсыщІэм и пэ къикуэу щытепсэлъыхьащ Урысейм мылькур зегъэкІуэныкІэ и Іэнатіэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым къалэ-курортым щригъэкІуэкІа зэІуэшІэм.

- Урысейм ЩІыуэпсхэмкІэ и министерствэмрэ «Сочэ и лъэпкъ парк» ФГБУ-мрэ я къалэнщ проектыр ягъэхьэзыну, ар гъэзэщІэным ахъшэу текІуэдзнур яубзыхуну, зыхуеину эколого-экономикэ экспертизэ псори ирагъэкІыну, - къыдгуригъэІуащ УФ-м экономикэ зыужьынигъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Дергуновэ Ольгэ.

2015-2016 гъэхэм ирагъэкІуакІыну лжьыгъэ псоми я тхыльхэр ягъэхьэзыращ. Иджыри къэс кІэрыуГІыепщу щыта щІыуэпс щІыпІэ телъыджэхэр зэфІагъэувэжащ.

ЕВДОКИМОВЭ Еленэ.
«Аргументы и факты»

● Дэнэ сыт къыщыхъуа?

Дохутыр нэпцІ

Кемеровэ областым судым тезыр щытрилъхьащ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэрИэм щыхьэт техъуэ диплом нэпцІыр къигъэсэбэпу сом мелуан зыІэрызыгъэхьа цІыхухъум.

ИЛЪЭС 29-рэ зи ныбжь Лаптев Алексей Кузбассым щыщ Сосновкэ къуажэм кІуаращ, Алтай къраймкІи. Терапевту щІэпІэ сымаджэщым лажьэн щІыщІидзащ. Къуажэхэм щыІэ дохутырхэм зэрадэІэпыкъу программэм ипкъ иткІэ ахъшэ кьратащ. Ар илъэсыпІэкІэ зэрымытерапевтыр, атІэ колледжым къэзыуха фельдшеру зэрыщытыр белджылы хъуащ 2014 гъэм и щІышылэм.

- Дипломым и пэжагъыр щІэзыхагъэкІым район сымаджэщым и унафэщІхэм Новосибирск и мединститутым зыхуагъэзащ,- къыкриІащ Урысейм Кемеровэ областымкІэ и МВД-м и пресс-Іэхущ Іапіэм и лэжьакІуэм. - Абы къикІа жэуапым къыщыгъэльэгъуат Лаптевыр а институтым зэрыщемыджар икІи, зэрыгурыІуэгъуэщи, диплом гуэри къызэрыщрамытар. Полицэм зыхуагъэзэн хуей хъуащ.

Хабзэхъумэхэм сэтей къащІащ диплом нэпцІыр къигъэсэбэпу Лаптевыр лажьапІэ зэрыуар. Абы хуэгъэза уголовнэ Іуэху къаІэтащ.

ЖьытІэнщи, терапевт нэпцІыр илъэс ныкъуэкІэ лэжьащ. Къэралым къыІэщигъэкІа ахъшэмкІэ абы «иномарк» тІорысэ кІащэхуащ (пэжу, ар мыгувэу мыхъужьыну зэхикъутащ), алиментхэмкІэ кьытехуа щІыхуэри ипшыныжащ. Судым Лаптевым хьэгъэщагъэ зэрихьауэ кьилъытащ икІи зы илъэс кьытрилъхьащ тезырыр тутнакъэщым имысу ирихьэкІыну. Абы апхуэдэу къэралым иритыжьын хуейщ гъэпцІагъэкІэ къыІэщигъэкІа ахъшэр.

ПОТАПОВЭ Юлие.
«Российская газета»

ПлІанэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Щоджэн Иннэ и гъащІэ купщІафІэр

Илъэс щэщІым нэблагъэуэ доцІыху дэ мы тхыгъэ кІэщІыр зытедухуа Щоджэн Иннэ. ЦІыхур зыхуэдэр къэпщІэн щхьэкІэ апхуэдиз зэмани ухуейкъым икІи жытІэфынущ Иннэ фІы дыдэу тІыхуу. Зэрыт-цІыхухри фІы и лъэныкъэкІэщ. Нэдыасэ зэрыт-хуэхъурэ а зы пІэм, зы хьэлым итщ, Іэдэбщ, нэмысфІэщ, адыгагъэ жыхуаІэм къиубыд псори зыдэт-лъагъэшу ди лэжьэгъэр, ди ныбжьэгъур.

ЩОДЖЭН Иннэ Аслъэнбий и пхъур Щоджэм куейм хыхьэ Шэджэм Езанэ (Къундетей) къуажэм къыщалъхуащ. Жылэм дэт курыт деджапІэр фІы дыдэу къиурри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетым гугъущи демыхьу щІэтІысхьауэ щытащ хъыджэбз гурыхуэ щІыкІыр. Абыи щытхъу иІэу щеджащ Иннэ. Филолог Іэщ1агъэр зригъэгъэтам и мызакъуэу, а зэманым университетым къыщызэрагъэпщІауэ щыта къудамэщІэм журналистикэм щыхуедмахуэ 1989 гъэм КъБКъУ-р къиухащ.

И анэдэлъхубзэр фІыуэ зэрилъагъуи и мызакъуэу, ар нэсу зыгъэшэрыуэ, тхэным хъарзынэу хэзагъэ хъыджэбзыр 1986 гъэм «Ленин гъуэгу» газетым штатым хэмыт и корреспонденту къуэващ. ИужькІэ секретару, корректорым и дэІэпыкъуГыу щытащ. 1993 гъэ лъапІэр корректору мэлажьэри, и кьалэнхэр хьэлэту егъэзащІэ. И Іэщ1агъэр абы фІыуэ зэриль1агъуми шэч къыщІэтпхэн щы1экъым - апхуэдиз илъэскІэ зы Іэнатіэм пэрытфынукъым щІыхр, абы димыьхэмэ, гупсэхуГыуэ кьиримытмэ. Иннэ нэгъэущІ лэжьапІэ гуэрхэр кьыхуагъэлъэГауат нэхъ пасэу, ауэ Іукіыжфакъым. Абы и гугъу щищІкІэ, абы жеІэ: «Улахуэшхуэ кьыпэмыкІуэми, гъэщІэгъуэн дыдэщ ди лэжьыгъэр. Кьимыдэкіэ, узыхэтхэми куэд елытащ. ГупыкІыгъуейщ «Адыгэ псалъэм» щылажьэ гупым уахэкІыныр. ДызыщІитхъужу кьащІыжьну пІэрэ жьІтІэми, апхуэдэ зэхэткІэ щыГъэтыгъуейщ нэгъуэщІ щІыпІэ». Ди гуфІэгъэкІи гуныкъуэгъуэкІи дызэдэгуашэу, зым и унагъуэ Іуэху зыІутым адрейр дыщыгъуаззу дыкъызэдокІуэкІри, дэри а псалъэхэм щыхьэт дытехъуэфынущ.

Иннэ щІэныгъэ ІэГ зэрыбгъэдэлъым и щІыхэтщ, орфографие щыуагъэхэр кьыхигъэкІым и мызакъуэу, тхыгъэм стилистикэ и лъэныкъэкІэ хэт ныкъусаныгъэхэми гу зэрылтытэр, ахэр зэрызэригъэзэхуэжыр. Иннэ журналистикэми хьарзынэу хозагъэ, и бзэр кьулейщ, адыгэбзэри урысыбзэри зэхуэдэу игъэшэрыуэу матхэ.

Пэжкьыгъэм и закъуэкъым дэ дызэзышІалЭр. ЩІэх-цІыхьыри зэгъуезу зыдогъэпсэху. Псом хэмыдэу гукъинэж тщІыхьуахэм ящІищ Иннэ кьызэригъэпэщу Іуащхьэмахуэ лъапэ дишаУэ зэрыщытар. Абы пыщІа Іуэху псори - дызэрыкІуэну транспортыр кьэгъуэтыни, здетхьэжьну гъуэмылэхэр гъэхьэзырыни, нэгъуэщІ-кьинэмыщІхэри - и пщэм дилъхьэжри, хуабжьу ди нэгу зригъэужьат. Апхуэдэ дыдэуи Щэджэм псыкъелъэхэми зыщыдгъэпсэхуауэ щытащ Иннэ и жэрдэмкІэ. Абыхэм я гугъу мыбдеж щІыщытщІыр Щоджэным апхуэдэ Іуэху мытынШхэри и пщэ дилъхьэжыфрэ ахэри хъарзынэу зэфІигъэкІыу зэрыщытыр фщІэн щхьэкІэщ.

И адэ-анэ Щоджэнхэ Аслъэнбийрэ Нинэрэ я унагъуэм щызекІуэ зэхущытыкІэ дахэр, хабзэр езым и бынми щапхъэ хуищІащ Иннэ. Абы ипхуэ Къардэн Анатэ и ихьэл-щэнкІэ, и дуней тетыкІэкІэ зыхэтхэм щапхъэу яхэзбГэзэльаГэуэ хъуну пщащэ щыкІущ. КъБКъУ-м щІэсщи, ерджэным хъарзынэу йохъулІэ, ГъащІэм декІуу апхуэдэщ.

Пхъу, шыпхъу, анэ гумащІэ, ныбжьэгъугъэр зыгъэлъапІэ, зыгъэпэж Щоджэн Иннэ дэ дэтлъэгъуащ пщІэшхуэ щІыхуэтщІ Іуэху дахэ куэд. А псори, дауи, зы тхыгъэм пхуигъэзэгъэнукъым икІи ди псалъэм и кІэуэкІу Иннэ мыпхуэдизу зыхудоГашэз: «Хьуэхъуэхэм я нэхъыфІхэр пхуэфащэщи, ахэр кьоХьулІэну дыхуейщ. ХьуэпсапІэу уиІэхэр нахуанІэ пхуэхъуну, уи хъыджэбз закъуэм и насып плъагъуну, цІыхум я гулъытэрэ гуапагъэрэ ущымыщІэну ди гуапэщ. Иджыпсту уигу щІэныкъуэ уи анэр узыншІэ хъужауэ ущыгугфІыкІыжыну Тхьэм жиІэ. Къыддалъхуахэм, абыхэм я щІэблэм я зэфІэкІым уи гур дыхэхъуэу иджыри апхуэдизу илъэскІэ упсэуну дыпхуохьауэ!»

ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэ, ГЪУРЫЖЬ Мадинэ.

● ДнфІ догъэтІапІэ

Угъурлыгъэр и нэгум кърех

Сэри и гугъу фхуэсщІыну сыхуейщ Щоджэн Иннэ. Абы папщІэ щхьэусыгъуэ зыбжанэ сиІэщ.

ЯПЭРАУЭ, соцІыху ар ди редакцэм и бжэщхьэІум япэу кьыщебзкъуа лъэндарэр. Тэмщ, щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыхэкІыу абы и Іэнатіэхэр мызэмытІэу ихъужьхи хуей хъуащ, ауэ сыт щыгъуи и пщэ кьыдэхуэ кьалэн псори игъэзэщІэфащ. Сэ и гугъу сщІыхэрэкъым иджыпсту зыпэрыт корректор лэжьыгъэм - адрейхэм жаІэм кьытезгъэзэжынкІэ хъунущ.

ЕтІуанэрауэ, кьызыхэкІа унагъуэм теухуауэ фІы куэд зэхэсхащ. Абы щыщу зыри сымыщІыхуу си благъэ гуэрым кьызжиІауэ щытащ Щоджэн Аслъэнбий хуабжьу кьызэрыдзІэпыкъуар - Иннэ и адрэ я зэманым Щоджэм районым и прокурору лажьэрт. Сэ ар зэи слъэгъуакъым, ауэ и кІуэ Толэ (ари псэужькъым, Тхьэм жэнэтыр кьрит), Иннэ и дэлъхур, иужькІэ ныбжьэгъу схуэхъуауэ щытащ. Мис апхуэдэу зэхэухэнащ ЦІыху гъащІэр.

Сыт нэгъуэщІ щхьэтечу жысІэфынур? Иннэ ани гумащІэу икІи хуабжьу гуащІафІэу зэрыщытырщ. Абы и щхьэт кьызэрыгъэкІыр ар Щоджэм районым кьыщыдэкІ «Голос Чегема» газетым и редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэу икІи жэуап зыхь секретару зэрыщылажьэр. Апхуэдизу Іэнатіэр зыдрекъэкІыф, и унагъуэри зыхуей хуегъэзэф!

Сыхуейщ икІи си гуапэщ абы и гуащІэр зэи мыужьыжьыну, и гум щиГафІэ и пхъу закъуэм и насып ильагъуну.

УкьимыкІуэт, Иннэ!

ШАЛ Мухьэмэд.

ХужьсІэр сфІэмащІэщ

Илъэс зыбжанэ хъуауэ си лэжьагъуу, си ныбжьэгъуу сыкъызыдекІуэкІ Щоджэн Иннэ и цІэр нобэ щхьэусыгъуэфІкІэ къраІуэри, а цІыхубз псэ хьабзэм хуэгъэзауэ псалъэ гуапэ хуэхьзыІэ псоми сраакъылъэгъуащ икІи и гурэ псэкІэ сызэриухуэгъуФІэр къезгъащІэмэ си гуапэщ.

ИГЪАЩІЭМ убэн си хьэлъкъым, щытхъунращи, щхьэугъэфащэм и нэщІыбагъкІэ мыхъумэ, зыхуэзгъазэу жесІэфырыкъым, Іэнкун сымыщІым щхьэкІэ. ЦІыхум хуэдІэ щытыкІэмкІэщ сэ ары хуэсщІ пщІэр кьызэрищІэнури, си гугъэщ Иннэ хуэгъэза си тхыгъэ кІэщІым зы фэрыщІагъи зэрыхэмылъыр кьыгурыІуэну.

ГъащІэм удекІуу упсэун щхьэкІэ адыгэ бзылъхугъэм нэхъ куэд и пщэ кьыдохуэ. Иннэ абыхэм пользщ. Ар пхуу, анэ, анэжьилъху гумащІэщ, лэжьакІуэ гуащІафІэщ. Сыхуейщ дяпэкІи и пщэрылъхэм зэрыпэлэщын кьарурэ гукъыдэжрэ иІэу псэуну.

Ди щІэналъэм кьыщыдэкІ газетитІым («Адыгэ псалъэмрэ» «Голос Чегема»-мрэ) зэрыщылажьэм кьегъэльагъуэ Иннэ анэдэлъхубзэм, журналистикэм хуиІэ лъагъуныгъэр зыхуэдэр.

Си ныбжьэгъум сохъуэхъу гъащІэми, лэжьыгъэми, ипхъу закъуэми гу ящихуэну!

ДЫЩЭКІ Соня.

Зэныбжьэгъуэхэм Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщагъэпсэху.

Белорусхэр Іуащхьэмахуэ лъапэ дехьэх

● Пресс-конференц

Белоруссием дзюдомкІэ и цІыхухъу, цІыхубз лъэпкъ командэхэм Іуащхьэмахуэ лъапэ зыгъэсэныгъэхэр щрагъэжьІуэкІащ. Ахэр Нашшэк къраГъэблагъэри, «Акрополь» нэгуэгъэуэжьыпІэ центрым щагъэхьэщІащ, зыщаплъыхьащ. Абы щекуэкІащ тренер штабым и пресс-конференц.

КъБР-м и Парламентым спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІ, олимп чемпион Къарэн Мурат пресс-конференцыр кьыхэІуихри куэд щІауэ пщІэныгъэ зыхуэІэ тренер цІэрыІуэхэр журналистхэм яригъэІэщІыхуащ, я ехъуІэныгъэхэм кІэщІу кьытеувыІащ. Ахэр Белорусием и командэ кьыхэхэм и тренер нэхъыщхьэ, пІэнейрэ дуней псом, тхуэнейрэ Европэм я чемпион, Урысейм спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Багиров Натик**, тренер нэхъыжьхэу цІыхубз командэм и унафэщІ, самбомкІэ пІэнейрэ дуней псом и чемпион **Тутхалян Гурген**, цІыхухъухэм ядэлажьэ **Комаров Игорь**, командэхэм я капитанхэу **Казаной Даниэлэрэ Сташенкэ Александрэ**.

- Нэхъапэм дэ зыгъэсэныгъэхэр Нартанэ щедгъэкІуэкІащ. Ахэм илъэс куэд хъуауэ Іуащхьэмахуэ лъапэ зыгъэсэныгъэхэр щезыгъэкІуэкІ алыдж-урым бэнэжІэмкІэ Урысейм и командэ кьыхэхэм и тренерхэм, ди ныбжьэгъу - олимп чемпион Къарэн Мурат сымэ я чанджэщІ Къэбэрдей-Балъкъэрым дыкъэкІуащ. Апэ махуэхэм хьэуар яхуримыкъуу кьатехьэлъами, иджы дыхэзэгъащ, спортсменхэр бгылъэ щІыпІэм дихьэхащи, зыгъэсэныгъэхэр тэмэму ещІэкІуэкІ, - жиІащ Багировым. - Белоруссием и командэ кьыхэхэм и тренер нэхъыщхьэм кьыхигъэщащ Іуащхьэмахуэ щрагъэжьІуэкІ зыгъэсэныгъэхэм кьрикІуахэм я фІыгъэкІэ дызыхьхьэ ильэсыщІэм щыІэну дунейпсо зэхьэзэхуэхэм кьыщыхэжаныкІыну зэрыщыгугъыр. «Рио-де-Жанейро щекІуэкІыну Олимп джэгухэм дыхэтынымкІэ лицензэхэр ди спортсменхэм кьахьыну сыщогугъ, зэхьэзэхуэ инхэм медалхэр щызыІэрамыгъэхьэмэ, абыхэм я дежкІэ гущІыхьэ хъунущ».

- Белоруссием и командэ кьыхэхэр кьызэрыкІуар ди дежкІэ гуфІэгъуэшхуэщ. Си гугъэщ адэкІи ди республикэм фыкъакІуэу зыгъэсэныгъэхэр сыт и лъэныкъэкІи зэпэщу щевгъэкІуэкІыну, - жиІащ Къарэн Мурат зэІущІэм и кІэухуэм.

Пресс-конференцым къагъэблагъэт алыдж-урым бэнэжІэмкІэ тІэуэнейрэ СССР-м и чемпион, дуней псом, европэ кубокхэр тІэунейрэ кьэзыхьа, Европэм и чемпион, Іэщ1кІэ зэпІэуэзда къарухэм я дуней псо чемпионатхэм тІэунейрэ щытекІуа, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, «ЩІыхьым и дамыгъэ» орденыр зыхуагъэфащ, запасым щыІэ полковник Жаным Аслъэн.

УАРДЭ Жантинэ.

Сурэтыр **Холлаевэ Любэ** *трихащ.*

● Псапэ

Псом ящхьэр

Ныкъэдыкъуагъ зыбгъэдэлъ сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ гулъытэ яхуэщІыным теухуауэ кІэлькІ лъэхъэнэм ипкъ иткІэ ТхыльеджэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр обществэм и хэщІапІэм щылащ «Ди зэфІэкІхэр гъунапкъэнщэщ» фІэщыныгъэм щІэт зэІущІэ.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ зи уэныщагъэм сэкъат зиІэ сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ, Налшык дэт гимназие №29-м щеджэжэну псапащІэ Іуэхухэм жыджэру зыкъыщыдгъэпІагъуэхэр, «Дыгъэ бынхэр» псапащІэ фондым мылъкуКІэ зыщІэзыгъаГъуэхэр. «Тхылъымрэ тхылъ еджэнымрэ лъэпкъ куэдым кьабгъэдэкІ урысейпсо щэнхабзэм и кьежьапІэ нэсщ» проектым и лъэныкъуэкІэ ирагъэкІуэкІа псалъэмакъым кьыхагъэщащ «ныкъэдыкъуэхэм я декадэу» яГъэуба мы лъэхъэнэр дэтхэнэ зымкІи Іэужьыфіэу зэрыщытыр.

«Ди сабийхэри ныбжьыщІэхэри зыхэпщІу нэхъ нэжэгужэ хъуащ, ныбжьэгъущІэхэр кьагъэуэтащ, жылагъуэ гъащІэм хэтыну хуейуэ гукъыдэж яІащ. Аращ псом ящхьэр», - жаІащ кьызэгъэпэщакІуэхэм.

ЗэІущІэм хэтхэм я пащхьэм гимназием щеджэ цІыкІуэхэм концерт щатащ, «Феерия» театрым и ажэгафэхэм нэгузыужь теплъэгъуэхэр щагъэлъэгъуащ. Хьарзынэу зыкъагъэлъэгъуащ езы ныкъэдыкъуэхэм. Абыхэм папщІэ мы махуэм ятащ Іэпщ1элъэпщІэным хэзыгъэгъуаз зыхьэтхэри: сурэт щІын, гъэхуаз кьеджэн, хьэпшып цІыкІуфэкІуэр гъэхьэзырын, н.кь. Зэхьхьэр кьызэрагъэпэщащ Пэжыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ Налшык кьалэ управленэм, щІыпІэ администрацэм, тхыльеджэхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр обществэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Бжэ зэІухам и махуэ

Щыгъуазэ защІ

КъБР-мкІэ МВД-м и УГИБДД-м и хьэщІащ Шэрэдж щІыналъэм хьэкІэ Бабугент къуажэм дэт кадет-интернат школым и гъэсэнхэр.

БжЭ зэІухам и махуэм кьрихьэлІа ныбжьыщІэхэр ирагъэблагъащ КъБР-м и кьэрал автоинспектор нэхъыщхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ полицэм и полковник Іэрэмысэ Аслъэн, ГИБДД-м и ветеранхэм я советым и тхьэмадэм, управленэм и аппаратым и Іэнатіэхэм я унафэщІхэм.

УГИБДД-м и унэм зыщыплъыхьыныр кьыщІадзащ регистрацэ-экзамен Іэнатіэм. Ныбжьыщ1эхэм регистрацэ дамыгъэхэр, шофер тхылъхэр ятыныр зэрызэфІагъэкІым щыгъуазэ защІа кьудейкъым, атІэ езыхэм Гъуэгум зэрыщызэкІуэ хабзэхэм теухуа теорие экзаменхэр ятыныр зрапщытащ икІи ехъуІэныгъэфІхэр кьагъэлъэгъуащ. Полицейхэм кадетхэм памяткхэр ирагъащ, гъуэгум зэрыщызэкІуэ хабзэм тетыну кьыхуараджащ.

ХьэщІэхэм КъэралавтоинспекцэмИ и оперативнэ-къулыкъу лжьыбгъэми щыгъуазэ защІащ.

КъыкІэлъыкІуэу ныбжьыщІэхэм зыщагъэгъуэзащ Къэрал автоинспекцэм и спорт гъащІэм, я лжьакІуэхэр захъумжьыным зэрыхурагъаджэм. Ар игъэлъэгъуащ республикэ МВД-м боевой, физическэ зыгъэсэныгъэмкІэ и инспектор нэхъыжь Ахьмэт Мурат.

МЭРЕМЫКЪУЭ Динарэ.

● Бгъэдэжныгъэ

ФІыуэ ялъагъу дерсхэр

Иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт школхэм гулъытэ хэха щыхуащІу хуежьащ къыдэкІуэтей щІэблэм узынщагъэр езыгъэфІакІуэ икІи гъэсэныгъэ мыхьэнэ ин зиІэ спорт дерсхэм.

БАХЪСЭНЕНКЭ (Къэсейхьэблэ) дэт курыт деджапІэр ящыщщ мы Іуэхум теухуауэ лэжьыгъэ купщІафІэ хэха щыхуащІу щІыпІэхэм. Абы щеджэжэр жыдджэру хэтщ кьуажэ, район зэхьэзэхуэхэм икІи сыт щыгъуи ехьулІэныгъэфІхэр зэрызыІэригъэхьэным хущІокъу. Школым и спорт залыр иджыпрей мардэхэм тету кьызэрагъэпэщащ. Тренажерхэр, сабийхэр зэрыджэгу Іэмэпсымэ кьэщхуныкІэ район администрацэм кьадэІэпыкъуащ.

Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ еджакІуэ нэхъыбэ дегъэхьэхыныкІэ сэбэпышхуэ мэхъу мы щІыпІэм щыІэ сабий-ныбжьыщІэ спорт школымрэ курыт еджапІэмрэ сыт щыгъуи зэкъуэту зэрызэдэлажьэр. Къуажэдэс щІалэгъуалэр нобэ дехьэх бэнэкІэ хуитым, дзюдом, атлетикэ псынщІэм, гимнастикэм. СабийхэмкІэ гуфІэгъуэшхуэщ мини-футболымкІэ губгъуэ Іэрыщ1 зэрыхуащІари.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Аруан щІыналъэ

Тыгъэ лъапІэ

Илъэс зыбжанэ хъуауэ ди республикэм хабзэфІу кьыщокІуэкІ бынунагъуэшхуэхэм жэм къаш тыгъэу яхуэщІыныр.

КъБР-м и Сабий фондым 2009 гъэм кьыщыщІэдзауэ игъэлажьэ а проектым и лъэныкъуэкІэ Аруан район кьудамэм и закъуэ, бын куэд зиІэ унагъуэу 7-м щадэІэпыкъуну хунэсащ. Апхуэдизу мы махуэхэм жэм гъэшыфІэкІэ пІэбгащ Псыгуэнсу щыпсэу Азычхэ я унагъуэм. Мыбы сабиих исщ. «Жэм къашым унагъуэр кьиГъэшхэнущ. КьищынэмыщІауэ, Іэщым кІэлъыплъ сабийхэр лэжьыгъэр фІыуэ ялъагъуу, гу щабагъ ябгъэдэлъу къоХу», - жиІащ КъБР-м и Сабий фондым и унафэщІ Умэ Светланэ. Ар апхуэдэу тепсэлъыхьащ - илъэс хъуауэ Іэзыч1эхэ я унагъуэм мазэ кьэс фондым кьыбгъэдэкІыу сом мини 5 зэрыратыр. Кьыхэгъэщыпхьэщ «Махуэ кьэс фІы щІэныр» и Іуэхэзу Сабий фондыр унагъуэ кьудым зэрадэІэпыкъур. Абыхэм хуащІэ Іуэхутхьбзэхэм ящыщщ псэупІэкІэ ахэр кьиызгъэпэщыныр, я унэхэр ремонт яхуэщІыныр, унащхьэкІэ щІэкІэ яхуэзэхъуэкІыныр, газымрэ псымрэ псэуалъэхэм яхуэшэлІэныр. А псоми кьыдэкІуэу щыгъынкІэ, хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зыпэІэбэри мащІэкъым.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

ЦІыху щыхэкІуэда къэхъуакъым

Илъэсыщ1э зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр мафІэсыншэу кІуакъым. 2015 гъэм щышылэм и 1-11-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мафІэсгъэункьафІхэр 26-рэ ираджащ. Хьыбар нэпцІкІэ блэ зрачын хуей хъуащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, республикэм щыІэ мафІэсхэм ящыщ зыбжанэр ильэсыщІэр кьызэрихьэр щагъэпэлъапІэкІэ цІыхухэм сакъыныгъэр зэращыгъупщэм кьрикІуащ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм Налшык мафІэсу 8 кьыщыхъуащ, Аруан щІыналъэм - 4, Іуащхьэмахуэ щІыналъэм - 3, Бахьсэн, Дзэлыкъуэ, Тэрч, Прохладнэ, Щэджэм районхэм тІурытІ, Лэскэн, Щэрэдж щІыналъэхэм - зырыз. А махуэхэм Май щІыналъэм зы мафІэси щатхакъым. ЦІыху щыхэкІуэда, фэбжь щыхаха кьэхъуакъым.

Кьыхэдгъэщынщи, илъэсыщІэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм республикэм кьыщыхуэ мафІэсхэм автомашинэ 8 хисхащ, нэхъыбэр хамэ къэралхэм щагъэхьэзырахэрщ.

Дзэлыкъуэ щІыналъэм хьэхь Малкэ кьуажэм щыпсэу унагъуэр дыгъэгъазэм и 31-м ечъэзыпІэншэу къэнащ. Абы и псэуалъэм кьыщыхъуа мафІэм хисхащ пэшитух хъу унэмрэ (метр зэбгъуэзэнатІэу 100) я хьэпшыпхэмрэ.

Щэджэм кьалэ дэт щхьэзакъуэ саунэхэм ящыхэзыи и бысымым дежкІи ильэсыщІэ жэщыр нэхъыфІу щытакъым. МафІэм исащ метр зэбгъуэзнатІэ 200 кьызэщІэзыубыдэ саунэр зэхьэзырыщІыха пластикыр.

Напшык дэт щхьэзакъуэ унэхэм ящыщ зым щІышылэм и 1-м мафІэс кьыщыхъуащ икІи абы и унащхьэр - шиферымрэ ар зыІыгъ пхъэмрэ хисхащ. МафІэсгъэункІыфІхэм я Іэнатіэ №1-м и лэжьакІуэхэр щІыпІэм псынщІэу нэсри унэм цІыхуи 8 кьыщІагъэІэпэхъуКІащ икІи лыгъэм зрамыгъэубгъуу ар псынщІэу яГъэункІыфІащ.

Тэрч щІыналъэм хьыхь Акъбащ Ищхьэрэ кьуажэмэ щІышылэм и 8-м и пщыхьэщхьэм мафІэс кьыщыхъуащ. Пшынэ зэщІищта унэм зы цІыху кьыщІагъэІэпэхъуКІащ. МафІэм исхащ пщэфІапІэр, зыгъэпскІыпІэр, котельнэр, унэлъащІэр, унэм кьыщагъэсэбэп техникмэрэ хьэпшыпхэмрэ.

КъБР-м МафІэсым пэщІэтынымкІэ и къэрал Іэнатіэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1ыпыджэ Заурбэч, Хьэжыкьарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэКІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщ1эхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхутхьэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епТыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэтлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаугъуэм и 14-м Печатным и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Соня, редактору Жыласэ Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(2, 3-нэ нат.),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(1, 4-нэ нат.), корректорхэм я дэлэпкъуэгъу* **Мырэзкъан ФатІимэ.** *Компьютерхэр газетым и телпэр яІащ* **Дол Мариэ, Щомахуэ Марианэ, Мэлбахьэу Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.246 ● Заказ №20